

Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

Buku Siswa

Tantri Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013

Tim Panyusun
Drs. Samsul Hadi
Akhmad Winarto, S.Pd.
Drs. Yusuf Budi Santosa
Dra. Umi Nayirotin

Kelas 4

Editor/Penyelia :
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs Sukarman, M.Si.

Tantri Basa
Hak Cipta © 2016

Tim Penyusun:
Drs. Samsul Hadi
Akhmad Winarto, S.Pd.
Drs. Yusuf Budi Santosa
Dra. Umi Nayirotin

Editor/Penyelia : Editor/Penyelia : Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs. Sukarman M.Si.

Desain/Lay Out : Latif Nur Hasan, S.Pd, M.Pd.
Desain/Lay Out cover: Rahmat Santosa, S.Pd. M.M.
Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur
Isi : x, 135 hal

ISBN 978-602-404-016-1 (no.jil.lengkap)
ISBN 978-602-404-020-8 (jil. 4)

KATA PENGANTAR

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku "**Tantri Basa**" sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran Bahasa Daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadaan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim Internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan Bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Agustus 2016
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,



Dr. Saiful Rachman, MM.,MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

Atur Sapala

Isinipun buku ***"Tantri Basa"*** punika sampun katitipriksa dening para ahli Basa Jawi saking *Universitas Negeri Surabaya (Unesa).* Dene panyerating buku sampun dipunadani dening para sutresna sarta alumnus Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Isi umumipun sampun katiti priksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Ketua Tim Penyusun Kurikulum Bahasa Daerah Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur lan Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya*). Wondene babagan Kebahasaan (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Ketua Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa)*.

Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda buku ***"Tantri Basa"*** punika murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa. Kejawi punika, ingajaban ugi sageda mbiyantu para kadang dwija anggenipun memucal saha nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading piwucalan Basa Jawi.

Laras kaliyan owah-gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukakaen kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mulok Bahasa Daerah 2013***. Asil paniti priksa nedhahaken bilih isinipun buku punika sampun laras kaliyan kurikulum enggal ingkang dipunginakaken ing sekolah-sekolah wekdal samangke. Isinipun buku punika kabiji sampun dipun serat kanthi lelandhesan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngginakaken paugeran ingkang sampun dipunrantam dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Mugi-mugi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi, anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi. Tundhanipun sageda basa, sastra, lan kabudayan Jawi ngrembaka lan lestari.

Surabaya, Agustus 2016
Paniti Priksa
Drs. Sukarman, M. Si./
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Penyusun
Kurikulum Mulok Bahasa Daerah
Kanwil Dinas Pendidikan dan Kebudayaan
Provinsi Jawa Timur 2014

Atur Pangiring

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit kanthi berkahipun panyerat sampun saged nyekapaken panganggiting buku Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** kangge para siswa Sekolah Dasar (SD) / Madrasah Tsanawiyah (MI). Perlu kawuninganan, wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SD/MI sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Alelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran saben minggunipun. Kangge njangkepi sarana piwucalan Basa Jawi wonten SD/MI wau, panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** punika.

Buku **"T*antri Basa*"** kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Bab punika laras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* ingkang paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngginakaken acuan *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta alelandhesan paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipun-ginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi lelandhesan (*berbasis*) teks. Wonten ngriki, teks kawawas minangka perangan basa ingkang nggadhahi makna kontekstual. Lumantar buku punika, siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks laras kaliyan *tujuan* lan *fungsi* sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang alelandhesan teks, pasinaon boten namung sesambetan kaliyan piwucaling teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber *aktualisasi dhiri* tumrap soksintena ingkang migunakaken bab wau, ing salebeting *konteks sosial budaya akademis*.

Wontenipun buku ***"Tantri Basa"*** punika, dipunajab sageda mbiyantu para siswa SD/MI anggenipun ngleluri dalah marsudi Basa Jawi. Kejawi punika, sageda adamel gampil lan lancaripun para kadang dwija anggenipun memucal dalah nggulawenthah para siswa-siswinipun salebeting piwucalan Basa Jawi.

Perlu kawuninganan, kajawi alelandhesan teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintific*. Piwucalan alelandhesan teks, mawi pandom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks, boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan* kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihing basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat

fungsional ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warnining *ide, karakter, nilai*, sarta ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa.

Jinising teks ingkang kaandharaken wonten ing buku punika arupi teks dheskripsi, palapuran, narasi/carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *pendekatan Saintific* ingkang kababar ing buku punika mawi *proses* ingkang sesambetan kaliyan tumindak: *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking).* Wondene aspek panggulawenthahing patrap ingkang dados punjering piwucalan, inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Tantri Basa"*** kajawi ngandharaken *materi*, ugi sinartan *gladhen (latiyan)* kalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat wonten salabeting silabus. Awit saking punika, dipunajab supados saged nyekapi kangge pangukuring *kompetensi* minimal, ingkang kedah dipunkuwaosi dening para siswa. Pambabaripun buku ingkang alelandhesan teks punika, kalampahan kanthi cak-cakan: *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan "pepeling" ingkang ngandharaken teges sarta pangenget-enget dateng konsep-konsep inti, ing saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten perangan punika dipunajab sageda njangkepi pangrembagipun materi piwucalan, kejawi ugi kangge nambah wawasanipun para siswa.

Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ewa semanten minangka manungsa limrah sarta awit saking winates saha cupeting kawruhipun panyerat, seseratan salebeting buku punika taksih kathah kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu amrih kangge damel saenipun buku punika. Wusananing atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap majeng lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, Agustus 2016

Panyerat

Dhaftar isi

WULANGAN 1

GUYUB RUKUN

KOMPETENSI DASAR

3.1 Mengenal, memahami, mengidentifikasi teks puisi modern dalam bentuk lisan dan tulis.

INDIKATOR

3.1.1 Mengidentifikasi teks puisi berdasarkan tema.
3.1.2 Menjelaskan struktur puisi.
3.1.3 Menjelaskan kata-kata sulit teks puisi modern.
3.1.4 Menjelaskan isi teks puisi modern.

KOMPETENSI DASAR

4.1 Membaca ekspresif teks puisi modern.

INDIKATOR

4.1.1 Menulis puisi sesuai tema.
4.1.2 Membaca ekspresif teks puisi modern.

Sawise sinau wulangan 1 iki, bocah-bocah kaajab bisa: niteni teks geguritan adhedhasar tema, njlentrehake struktur geguritan, njlentrehake tegese tembung-tembung ing geguritan, lan njlentrehake isine teks geguritan. Sabanjure, bocah-bocah uga kaajab bisa nulis lan maca geguritan kanthi polatan (ekspresi) kang trep.

Mbabar Wawasan

Minangka anggota masyarakat, kita kudu guyub rukun. Guyub yaiku greget (semangat) tumindak bebarengan, dene rukun tegese urip kang salaras lan ngedohi pasulayan utawa ora tukar padu. Guyub rukun kudu dikulinakake lan wajib ditindakake. Karo anggota kulawarga kudu guyub rukun, supaya kabeh anggota kulawarga bisa krasan lan ayem ing omah. Marang tangga aja seneng tukar padu, kudu tulung-tinulung, lan tepa slira. Guyub rukun ing sekolah bisa katindakake kanthi cara ngajeni lan mituhu marang guru, sinau bebarengan karo kanca tanpa mbedak-mbedakake sugih utawa mlarat, gotong royong ngresiki lingkungan sekolah, lan liya-liyane.



Guyub rukun karo kanca ing sekolahan.
Gambar: sd-gs.tarakanita.or.id

Sawise maca katrangan lan nggatekake gambar ing dhuwur, mesthine banjur tuwuh pitakonan:

1. Bocah-bocah ing gambar iku lagi nindakake pakaryan apa?
2. Bocah-bocah ing gambar iku lagi seneng apa susah?
3. Bocah-bocah ing gambar iku padha rukun apa tukaran?
4. Kepriye kahanane plataran kang ana ing gambar iku?
5. Gotong royong apa sing tau koktindakake ing sekolahmu?

Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah. Tegese: rukun ndadekake kuwat, cecongkrahan ndadekake bubrah. Paribasan iki mujudake salah sawijining piwulang kang tansah digondheli dening wong Jawa sing kepengin urip guyub rukun lan ayem tentrem ing masyarakat. Paribasan iki nuduhake yen wong Jawa ora seneng pasulayan utawa tukar-padu. Pasulayan ora ana gunane, jalaran sakabehe prekara bisa dirampungi kanthi musyawarah.

Saliyane paribasan, geguritan (*puisi bebas*) uga bisa kanggo sarana mulangake ajaran guyub rukun. Saka maca lan nulis geguritan, para siswa bisa sinau urip guyub rukun.

Pasinaon 1

Model Teks Pinilih : Teks Geguritan Tema Guyub Rukun

Pasinaon 1 para siswa bakal tepungan karo teks geguritan kanthi tema "Guyub Rukun". Supaya tepung karo teks geguritan iku, para siswa kaajak ngrampungake rong garapan. Garapan 1 magepokan karo maca lan niteni geguritan adhedhasar temane, dene garapan 2 sesambungan karo njlentrehake struktur teks geguritan.



Rukun agawe santosa
Gambar: www.pixoto.com

Gladhen 1 : Niteni Geguritan Adhedhasar Tema

Sadurunge maca teks geguritan kanthi tema "Guyub Rukun", wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Apa bocah-bocah wis tau krungu tembung geguritan?
2. Geguritan ing Basa Indonesia diarani apa?
3. Apa kowe wis tau maca geguritan?
4. Apa irah-irahan (judhul) geguritan sing tau kokwaca?
5. Apa sing kokrasakake nalika maca geguritan?

Geguritan, yaiku puisi basa Jawa gagrag anyar (modern) kang ora kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok. Bebas jumlah larik ing saben pada (bait), bebas jumlahe pada, lan bebas pilihan tembung kang digunakake. Sing penting, isine mentes lan pantes.

Nalika penulis utawa penggurit ngarang teks geguritan, penulis miwiti kanthi netepake tema karangan, yaiku gagasan pokok sing arep diandharake sajerone tulisan. Sabanjure, tema iku nduweni mupangat dadi wadhahe karangan. Tegese, karangan ora oleh metu utawa mlenceng saka tema (wadhah) sing wis ditetepake.

Kanggone wong sing maca teks geguritan sing wis dadi, tema geguritan bisa ditemokake kanthi cara maca geguritan kang titi lan yen perlu dibolan-baleni.

Supaya luwih cetha, wacanen teks geguritan iki lan tindakna ayahan sabanjure!

Teks 1:

Goooong!

(Dening: Auliya Azizah)

Dak deleng gong gumantung ing gayor
ana sing cilik ana sing gedhe
endah disawang kepenak dirungu

Kabeh nunggu giliran ditabuh
ora ana sing meri drengki



Gong ora tau meri drengki.
Gambar: kisahasalusul.blogspot

ora ana sing cupet budine
ora ana sing rumangsa
dikuwalonake

Ora beda karo kulawargaku
adhik nyapu latar aku ngumbah motor
ibu tata dhahar bapak tindak kantor
kabeh meres kringet ... meres pikir
gung ... goong ... gaaaooong....
adhem ayem

Teks 2:

Tim Futsal
(Dening: Ali Akbar)

Acong, Amir, Jaka, Kethut, lan Asep
tunggal desa tunggal komplek.

Cong, iki sepatuku gawenen
Mir, iki banyuku ombenen
Jak, Thut, Sep aku sing nggawa bal

Bocah lima ngepuh kringet
bal bunder genti dioper
disadhuk mlebu gawange kiper

Mainmu apik
tendhanganmu hebat
untung aku mau mbok operi
bombong atiku nduwe kanca kowe



Guyub rukun nglebokna bal.
Gambar: trunajaya.com

Teks 3:

Sapu Sada

(Dening: Astuti)



Jumat asri
resik lan sehat
cancut tali wanda
nandur kabecikan

Cilik gedhe bagus ayu
ora mung padha gumuyu
ora tinggal glanggang colong playu
tumuju adiwiyata murih rahayu

Crah agawe bubrah
rukun agawe santosa
guyub rukun kaya sapu sada

Kawruh sapala:

adhem ayem : atine rumangsa tentrem
bombong : seneng banget
cancut taliwanda : nyambut gawe
cupet budine : ora bisa tumindak becik
dikuwalonake : dianggep kaya anak kuwalon (anak tiri)
drengki : ora seneng yen wong liya nemu beja
gayor : alat kanggo nyantholake gong
gong : gamelan (alat musik Jawa) sing gedhe lan bunder
meres kringet : nyambut gawe tenanan (ngepuh kringet)
tinggal glanggang colong playu
: ninggalake pakaryan sing dadi tanggung jawabe

Sawise maca teks geguritan kanthi premati, sabanjure temokna temane teks geguritan kasebut kanthi njangkepi tabel ing ngisor iki!

No.	Irah-irahan/Judhul	Tema
1	Gooong	Guyub rukun ing ....
2	Tim Futsal	....
3	Sapu Sada	....

Gladhen 2 : Njlentrehake Struktur Teks Geguritan

Geguritan iku mujudake puisi basa Jawa gagrag anyar sing bebas, nanging umume strukture (wangunan) geguritan mujudake gabungan saka limang perangan, yaiku:



Pantes lan mentes
Gambar: ayomendidik.wordpress.com

1. tembung

Pilihan tembung uga diarani dhiksi. Kanggo ngasilake geguritan kang trep, pengarang mesthi mikirake pilihan tembung kang mathuk. Tembung-tembung sing digunakake ana sing duwe teges lugu utawa apa anane (*denotatif*) lan ana sing duwe teges entar utawa ora sabenere (*konotatif*). Pamilihe tembung sing pantes lan mentes, ndadekake geguritan dadi endah lan aji.

2. larik

Larik utawa baris duwe teges sing beda yen kabandhingake karo ukara ing gancaran (prosa). Larik ing geguritan bisa mung wujud satembung, bisa wujud kumpulan tembung, utawa bisa uga wujud ukara.

3. pada/bait

Pada mujudake kumpulan larik kang tumata kanthi laras (*harmonis*). Saben sapada dumadi saka siji gagasan utama sing beda karo pada liyane.

4. uni/ swara

Uni kawangun saka purwakanthi lan wirama. Purwakanthi yaiku runtute swara, sastra, utawa tembung kang ana ngarep karo swara, sastra, utawa tembung kang ana mburi. Wirama yaiku endhek-dhuwur, cendhak-dawa, utawa alus-kasare swara sing diucapake. Anane purwakanthi lan wirama ndadekake geguritan penak diwaca lan dirungokake.



Geguritan enak diwaca lan dirungokake.
Sumber Gambar: vajarsenja.blogspot.


5. surasa/makna

Surasa mujudake tujuane pengarang utawa panggurit nalika nulis geguritan. Anggone panggurit milih tembung, nata larik, lan bait dilarasake karo tujuane. Surasa bisa wujud isi lan pesen (*amanat*) saka geguritan.

Kanggo nyinaoni struktur teks geguritan, gatekna tabel struktur teks geguritan 1 kanthi irah-irahan "Goooong!" ing ngisor iki!

No.	Struktur Teks	Katrangan
1	Tembung	Pilihane tembung ana sing duwe teges lugu lan entar. Tuladha: -teges lugu : cilik, latar, lan montor -teges entar : cupet budine, meres kringet, meres pikir, lan adhem ayem
2	Larik	Larik ing geguritan katon endah, sebab ana sing dawa lan ana sing cendhak. Iki nuduhake kebebasane, ora kudu padha dawane. Tuladha larik sing: -dawa :"Dak deleng gong gumantung ing gayor" -cendhak : "dikuwalonake"
3	pada (bait)	Saben sapada ana sagagasan. Pada 1: Kahanane gong. Pada 2: Sipate (watake) gong. Pada 3: Kahanan lan sipate kulawargaku sing padha karo gong.
4	uni/swara	Minangka purwakanthi, ing geguritan iki ana tembung sing unine runtut karo tembung mburine. Tuladha: latar-dhahar, motor-kantor, lan ana Ana tembung sing dibolan-baleni Tuladha : ora ana sing ... . Anane purwakanthi ing geguritan iki, ndadekake geguritan kepenak yen diwaca kanthi wirama alus lan alon.
5	Surasa	nerangake guyub rukune kulawarga iku kena kanggo tepa tuladha.

Supaya kawruhe bocah-bocah ing babagan teks geguritan bisa tambah, jangkepana tabel struktur teks geguritan 2 kanthi irah-irahan "Sapu Sada" ing ngisor iki kaya tuladha ing dhuwur!



Sumber Gambar: saifulanwar01.blogspot

No.	Struktur Teks	Katrangan
1	tembung	Pamilihe tembung ana sing .... lan .... Tuladha tembung sing duwe: -teges lugu: .... -teges entar: ....
2	larik	Larik ing geguritan katon ...., sebab ana sing ...... lan .... Tuladha: -larik ....: ".................................... .... -larik ....: "................."
3	pada (bait)	Saben sapada .... Pada 1: Kahanane .... Pada 2: Sipate .... Pada 3: Guyub rukun .... Pada 4: Pujian marang ....
4	uni	Minangka purwakanthi, ing geguritan iki ana tembung sing unine runtut karo tembung ngarepe. Tuladha: anggo*nen*- ...., o*per*- ...., lan ana tembung sing dibolan-baleni yaiku "..".

		Anane purwakanthi ing geguritan iki, ndadekake geguritan ....
5	surasa	Surasane geguritan iki yaiku: ngandharake guyub rukune ....

Pasinaon 2

Makarya Bebarengan Babagan Teks Geguritan



Ora ana sing angel yen digarap bareng. Gambar: http://idea.lk.ipb.ac.id

Sawise maca, niteni geguritan adhedhasar temane, lan mahami struktur teks geguritan, ana ing pasinaon 2 bocah-bocah bakal kaadhepake karo pakaryan sing asipat praktek bebarengan, yaiku negesi tembung-tembung sing angel dingerteni lan njlentrehake isine teks geguritan. Kanthi greget, dhisiplin, lan percaya marang kabisane dhewe, bocah-bocah dijak sinau karo kancane saklompok negesi tembung-tembung sing angel dingerteni lan njlentrehake isine teks geguritan.

Gladhen 1 : Negesi Tembung sing Angel Dingerteni

Basa sing dinggo ing geguritan, lumrahe dudu basa padinan. Supaya bisa ngerti isine geguritan bocah-bocah kudu nindakake kaya ing ngisor iki:

1. Maca teks geguritan kanthi setiti.
2. Negesi tembung kang angel, yen perlu bisa nggunakake kamus.
3. Negesi tembung kang duwe teges entar, pasemon, utawa pralambang ing geguritan.

Tuladhane, tembung 'sapu sada' mujudake pralambang guyub rukun. Sada yen ijen gampang ditugel lan ora ana gunane, nanging sada yen akeh, ditaleni dadi siji malih kuwat lan dadi sapu sing ana gunane.

Tindakna pakaryan iki!
Dhiskusia karo kancamu saklompok kanggo nemokake tegese tembung-tembung sing kapethik saka teks geguritan 3 kanthi irah-irahan "Sapu Sada".
Jodhokna tembung ing kolom sisih kiwa karo tegese ing kolom sisih tengen kanthi nulis aksara ing papan kang sumadya!

No.	Tembung	Aksara	Tegese
1	asri (...)	A	greget tumindak bebarengan
2	cancut (...)	B	kuwat
3	kerjabakti (...)	C	tukar padu
4	wiyata (...)	D	ilang tatanane
5	disangga (...)	E	urip sing selaras
6	crah (...)	F	enggal-enggal
7	bubrah (...)	G	gotong royong
8	rukun (...)	H	endah didulu
9	santosa (...)	I	lingkungan sekolah
10	guyub (...)	J	diangkat dhuwur

Gladhen 2 : Njlentrehake Isine Geguritan

Salah sijine cara kanggo mahami geguritan, yaiku kanthi ngowahi wujud teks geguritan dadi wujud teks gancaran (prosa/crita). Pakaryan ngowahi wujud iki diarani parafrase. Parafrase katindakake kanthi ngowahi susunan pada (bait) dadi paragraf, nanging tanpa ngowahi isine. Awit basa ing geguritan iku basa sing mentes, mula tembung-tembunge akeh sing diilangi utawa dikurangi. Ukara ing basa padinan, umume jangkep tetembungane. Mula, nalika nggawe parafrase, para siswa bisa nambah tembung ing geguritan supaya dadi ukara sing sampurna lan gampang dingerteni. Minangka sarana gladhen njlentrehake isine geguritan, tindakna ayahan iki lumantar dhiskusi klompok:



Iki asil karyaku dhewe.
Gambar: blokbojonegoro.com

1. Jangkepana tabel parafrase ing ngisor!

Parafrase Geguritan Kanthi Irah-Irahan "Sapu Sada"		
Pada	Teks Geguritan	Teks Parafrase
1	Jumat asri resik lan sehat cancut tali wanda nandur kabecikan	(Saben dina) Jumat (,) (supaya sekolahan dadi) asri (,) resik lan sehat (,) (para siswa) cancut tali wanda (padha tumandang nyambut gawe.) (Kabeh) nandur kabecikan (.) (Tumindak becik marang lingkungan)

	Dadine paragrap: Saben dina Jumat, supaya sekolahan dadi asri, resik lan sehat, para siswa cancut tali wanda padha tumandang nyambut gawe. Kabeh nandur kabecikan. Tumindak becik marang lingkungan.	
2	Cilik gedhe bagus ayu ora mung padha gumuyu ora tinggal glanggang colong playu tumuju adiwiyata murih rahayu	....
	Dadine paragrap:	
3	Crah agawe bubrah rukun agawe santosa guyub rukun kaya sapu sada	....
	Dadine paragrap:	

2. Saka tabel parafrase ing dhuwur, saiki bisa kadudut yen isine geguritan kanthi irah-irahan "Sapu Sada" yaiku:

____

____

____

____

____

Pasinaon 3

Makarya Kanthi Mandhiri Babagan Teks Geguritan



Wis gedhe kudu bisa mandhiri.
Gambar: www.sekolahdasar.net

Suwasana guyub rukun, pranyata bisa karasakake nalika makarya kanthi bebarengan karo kanca ing klompok. Kanggo nukulake lan ngrembakakake jiwa mandhirine bocah-bocah, ing pasinaon 3 diajak blajar nulis lan maca geguritan kanthi rasa seneng lan polatan kang trep.

Gladhen 1: Nulis Teks Geguritan

Bocah-bocah mesthine tau dolanan karo kancane ing plataran omah, papan *play station*, papan wisata utawa ing lapangan olah raga. Saka dolanan iku mau para siswa oleh pengalaman. Para siswa bisa nyritakake pengalaman iku mau kanthi wujud geguritan.
Kapisan: nemtokake tema
Tuladha: dolan bebarengan
Kapindho: nemtokake gagasan pokok. Saben sapada mung momot siji gagasan utama!

Tuladha:

Pada 1: Minggu esuk budhal mancing bareng kanca
Pada 2: Kahahan ing kolam pancing
Pada 3: Kabeh padha seneng

Katelu: ngembangake gagasan pokok dadi bait-bait.

Tuladha kaya ing ngisor iki:

Mancing

Surya mlethek Minggu Pahing
aku sakanca budhal mancing
kanthi bekal walesan lan umpan
dakpancal sepedhaku turut dalan

Gurame, nila, lan emas
ora dakrasa hawane tansaya panas
banyu sabotol taksikat amblas
senar ditarik atiku dheg-dheg plas

Iwak sak kilo didum padha
gedhe cilik nedha nrima
mesam ngguyu atine seneng
aku sakanca mulih bareng



Mancing bareng, seneng bareng

Tindakna pakaryan iki!

Kapisan: Temtokna temane!

Kapindho: Temtokna gagasan pokoke!

Pada 1:...

Pada 2:...

Katelu: Kembangna gagasan pokoke dadi bait-bait!

Pada1:

Pada 2:

Gladhen 2: Maca Teks Geguritan kanthi Polatan kang Trep



Maca geguritan ora niru patrape liyan.
gambar: fkip.uns.ac.id

Maca geguritan iku satemene duwe tujuan supaya wong liya bisa ngrungokake kanthi ati sing tenang. Kanthi mangkono wong kang ngrungokake bisa ngrasakake lan ngreti isine geguritan kasebut. Mula, sapa wae sing arep maca geguritan becike bisa ngrasakake lan ngreti isine geguritan luwih

dhisik. Manawa maca geguritan tanpa ngerti isine, anggone maca bakal ora penak dirungokake, ora penak dirasakake, lan ora cetha sing dikarepake.

Wong maca geguritan, sing paling apik yaiku kanthi solah bawa lan patrape dhewe-dhewe. Ora niru solah bawa lan patrape wong liya, awit yen maca kanthi tiru-tiru wong liya bisa katon kaku lan ora wajar.

Bab sing kudu digatekake nalika maca geguritan ing panggung utawa ngarepe wong akeh, yaiku:

1. olah swara (olah vokal)

Kedaling lesan (banter-lirihing swara, endhek-dhuwuring swara, menga-mingkeme lambe), tata pangaturing napas, lan pamedhoting ukara kudu trep.

2. patrap

Nalika maca geguritan, solah bawa lan polatan (ekspresi) kudu dislarasake karo jiwane geguritan. Yen isine geguritan iku sedhih, polatane sing maca kudu katon nelangsa supaya sing ngrungokake melu ngrasakake kasedhihane. Semono uga yen isine bab semangat polatane sing maca kudu katon teges, mandhes, makantar-kantar, lan merbawani.



Polatane tegas, mandhes, lan makantar-kantar
Gambar: pitoyosusanto.blogspot.

3. nyawiji

Antarane sing maca lan sing ngrungokake kudu nyawiji. Tegese, wiwit saka pamilihe geguritan, tata krama, nganti tata busanane sing maca kudu nggatekake kasenengan utawa kabutuhane sing ngrungokake. Semono uga sing nonton utawa ngrungokake kudu nyemak kanthi tenanan, supaya bisa methik manfaat saka nyemak geguritan.

4. sarana

Sarana yaiku apa wae kang ndhukung supaya anggone maca geguritan tambah "nges". Sarana bisa awujud *microphone*, panggung, gendhing, podhium lan sapanunggale.

Ayo gladhen maca geguritan! Amarga para siswa durung kulina maca geguritan, mula kanggo tuntunan becike geguritan sing arep diwaca diwenehi tandha andhegan (jeda) mandheg utawa mbacut anggone maca.
Tuladha:

kabeh / nunggu giliran ditabuh //
ora ana sing meri / drengki //
ora ana sing / cupet budine //
ora ana / sing rumangsa = dikuwalonake

Katrangan:

/ tegese mandheg sadhela

// tegese mandheg rada suwe

= tegese ana sesambungane karo larik ngisore (ora mandheg)

Tindakna pakaryan iki!

Kanthi sangu pangerten sing wis kotampa, saiki pilihen salah siji geguritan ing ngarep (Gooooong!, Tim Futsal, lan Sapu Sada) utawa geguritan gaweanmu dhewe, banjur wacanen ing ngarep kelas!



Samekta ing gati
Gambar: pitoyosusanto.blogspot.co.id

Sadurunge ngayahi pakaryan iki, becike bocah-bocah gladhen luwih dhisik ing omah utawa papan liya. Guru lan kancamu arep mbiji babagan olah swara, patrap, lan nyawiji sing kotindakake nalika maca teks kanthi lembar pambiji kaya ing ngisor iki.

Lembar Pambiji Maca Teks Geguritan

No.	Jeneng	Aspek Pambiji			Skor	Biji
		Swara	Patrap	Komunikasi		
1						
2						
3						
4						
5						

GLADHEN WULANGAN 1

I. Pitakon ing ngisor iki wangsulana sing patitis, kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Guyub tegese ....
   a. gregeten mulane ora tumindak
   b. greget tumindak bebarengan
   c. urip sing selaras
   d. urip ngedohi pasulayan
2. Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah. Tegese ....
   a. Cecongkrahan ndadekake kuwat, nanging rukun ndadekake korat-karit.
   b. Rukun kadhang-kadhang ndadekake kuwat utawa korat-karit.
   c. Cecongkrahan kadhang-kadhang ndadekake kuwat utawa korat-karit.
   d. Rukun ndadekake kuwat, nanging cecongkrahan ndadekake korat-karit.
3. Geguritan, yaiku: ....
   a. Puisi basa Jawa gagrag lawas (kuna) kang ora kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok.
   b. Puisi basa Jawa gagrag anyar (modern) kang ora kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok.
   c. Puisi basa Jawa gagrag anyar (modern) kang kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok.
   d. Puisi basa Jawa gagrag lawas (kuna) kang kaiket dening paugeran (aturan) sing gumathok.
4. Tema karangan, yaiku ....
   a. gagasan pokok sing arep diwadhahi sajerone tulisan
   b. gagasan tambahan sing arep diwadhahi sajerone tulisan
   c. gagasan tambahan sing diandharake sajerone tulisan
   d. gagasan pokok sing arep diandharake sajerone tulisan

5. Pamilihe tembung sing pantes lan mentes ndadekake geguritan dadi ....
   a. alus lan nrenyuhake
   b. endah lan aji
   c. kasar lan mangkelake
   d. suci lan nyenengake
6. Saben sapada geguritan, dumadi saka siji ....
   a. tema
   b. gagasan
   c. gagasan tambahan
   d. gagasan pokok
7. Salah sijine cara kanggo mahami geguritan, yaiku kanthi ngowahi wujud teks geguritan dadi wujud teks gancaran (prosa/crita). Pakaryan ngowahi wujud iki diarani ....
   a. ngowahi gancaran
   b. prosa/crita
   c. ngarang gancaran
   d. parafrase
8. Wong maca geguritan, sing paling apik yaiku ....
   a. kanthi solah bawa lan patrape dhewe-dhewe
   b. kanthi nuladha solah bawa lan patrape liyan
   c. kanthi tanpa solah bawa lan patrap
   d. kanthi solah bawa sing digawe-gawe
9. Yen isine geguritan iku sedhih, polatane sing maca kudu ....
   a. katon seneng supaya sing ngrungokake melu seneng
   b. katon bungah supaya sing ngrungokake melu bungah
   c. katon nelangsa supaya sing ngrungokake melu sedhih
   d. katon sedhih supaya sing ngrungokake melu seneng
10. Tetembungan sing runtut karo tembung ngarepe diarani ....
   a. wirama
   b. purwakanthi
   c. surasa
   d. sastra

II. Jodhokna tembung ing kolom sisih kiwa karo tegese ing kolom sisih tengen, kanthi nulis aksara ing papan kang sumadya!

No.	Tembung	Aksara	Tegese
1	gayor (...)	A	slamet
2	ditabuh (...)	B	kuwat
3	meri (...)	C	tukar padu
4	rahayu (...)	D	korat-karit
5	komplek (...)	E	urip sing salaras
6	crah (...)	F	greget tumindak bebarengan
7	bubrah (...)	G	kumpulan omah
8	rukun (...)	H	cantholan gong
9	santosa (...)	I	kepengin duweke wong liya
10	guyub (...)	J	dithuthuk

III. Wangsulana kanthi patitis!

1. Wenehana tuladha tumindak sing nuduhake pakerti guyub rukun ing masyarakat sakiwa tengenmu!
2. Aranana strukture (wangunan) geguritan!
3. Apa mupangate tema sajrone karangan?
4. Kepriye patrap sing bener tumrap wong sing maca geguritan?
5. Tulisen sawijine (karangan) teks geguritan kanthi pilihan tema:
   a. Guyub Rukun ing Kulawarga.
   b. Guyub Rukun ing Sekolah.
   c. Guyub Rukun ing Masyarakat.

WULANGAN 2
GEMI NGGUNAKAKE ENERGI

KOMPETENSI DASAR

3.1 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks dialog, teks cerita, dan teks drama dengan tatakrama.

INDIKATOR

3.1.1 Mengidentifikasi ciri-ciri teks dialog.
3.1.2 Menjelaskan tatakrama dalam berdialog.
3.1.3 Menjelaskan isi teks dialog.

KOMPETENSI DASAR

4.1 Melakukan dialog, bermain peran, bercerita, dengan tatakrama.

INDIKATOR

4.1.1. Menyusun teks dialog sesuai tema.
4.1.2. Melakukan dialog.

Sawise sinau wulangan 2 iki, para siswa kaajab bisa mahami titikane teks pacelathon, njlentrehake tatakramane pacelathon, lan njlentrehake isine teks pacelathon. Sabanjure, para siswa uga kaajab trampil nulis teks pacelathon jumbuh karo tema lan nindakake pacelathon kanthi pakerti sing trep.

Mbabar Wawasan

Gemi (irit) nggunakake *energi*. Ukara iki saiki kerep kaprungu, jalaran donya saiki lagi ngadhepi *krisis energi*.

Tembung energi asale saka basa Yunani, yaiku daya sing dibutuhake kanggo nindakake pakaryan. Energi mujudake perangan sawijining barang ananging ora kaiket marang barang kasebut, mulane energi duwe sipat fleksibel sing bisa diowahi utawa dipindhah panggone.

Energi mujudake sawenehe bab kang wigati tumrap uripe manungsa ing ndonya, awit sakabehe wujud tumindak utawa



Ayo gemi nggunakake energi!
Gambar : wikihow

kagiatane manungsa mbutuhake energi. Energi sing asale saka minyak, mineral alam, lan batubara ora bisa didandani utawa dianyari. Mula, tumrape manungsa ora ana pilihan kajaba gemi (irit) nggunakake energi.

Kanthi nggatekake gambar lan maca andharan ing dhuwur banjur thukul pitakon. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Saka rong jinis lampu ing gambar, endi sing kokpilih?
2. Apa tegese gemi nggunakake energi?
3. Sapa sing kudu gemi nggunakake energi?
4. Wiwit kapan kita kudu gemi nggunakake energi?
5. Apa jalarane, kita kudu gemi nggunakake energi?

Energi sing wujud listrik lan bahan bakar minyak pancen ndadekake uripe manungsa dadi luwih gampang lan kepenak. Arep gawe jajan ora usah ngopyok endhog, cukup nyethekake *mixer*. Arep olah-olah ora usah cethik geni, cukup nyethekake kompor gas *LPG*.

Listrik mujudake energi sing diasilake saka pangolahan energi bumi. Wiwit saka energi gas, angin, srengenge lan liyane bisa diowahi (*dikonversi*) dadi energi listrik. Jinis energi iki gampang disalurake, disimpen, lan diowahi dadi energi liyane maneh.

Awit cacahe manungsa ing donya tansah mundhak lan teknologi perabotan uga melu mundhak, mula kabutuhan energi uga melu mundhak. Mula, ora mokal yen sawayah-wayah kita bakal kentekan energi. Mula wis samesthine yen wiwit saiki kita kudu gelem lan bisa gemi nggunakake energi. Tegese, kita kudu ngupaya nggunakake energi kanthi efisien, yaiku ngetokake daya sethithik, nanging ngasilake guna/paedah sing gedhe.

Pasinaon 1

Model Teks Pinilih : Teks Pacelathon Gemi Nggunakake Energi

Kegiatan ing pasinaon siji bocah-bocah bakal nyinau teks pacelathon kanthi tema "Gemi nggunakake Energi". Kanggo mahami teks pacelathon iku, bocah-bocah bakal nggarap maneka warna ayahan. Garapan 1 mahami titikane teks pacelathon, garapan 2 njlentrehake tatakramane pacelathon, lan garapan 3 yaiku njlentrehake isine teks pacelathon.



Gunakna lampu saperlune
Gambar: wikiHow

Gladhen 1: Mahami Titikane Teks Pacelathon

Sadurunge maca teks pacelathon kanthi tema "Gemi Nggunakake Energi", wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Apa bocah-bocah wis tau krungu tembung pacelathon?
2. Pacelathon ing Bahasa Indonesia diarani apa?
3. Apa bocah-bocah wis tau nindakake pacelathon?
4. Apa sing kokrembug ing pacelathon mau?
5. Kepriye basa sing kokgunakake ing pacelathon iku?

Pacelathon tegese padha karo *percakapan* utawa *dialog* ing Basa Indonesia. Pacelathon tegese rembugan antarane wong loro utawa luwih ngenani sawenehing bab. Wong Jawa yen pacelathon diatur dening tata krama sing diarani unggah-ungguh basa. Kanthi

unggah-ungguh basa kang trep, kita bisa ngajeni lan nresnani marang wong liya sing diajak guneman. Yen sing dijak guneman




Wong Jawa Kebak Unggah-ungguh
Gambar: blogsamz11.blogspot.

wong sing luwih tuwa, kita bakal ngajeni kanthi nggunakake basa krama. Suwalike, yen sing dijak guneman luwih enom, minangka tandha tresna asih kita nggunakake basa ngoko.

Cethane, wacanen teks pacelathon iki lan tindakna ayahan sabanjure!

Teks 1:



LED luwih padhang lan awet
Gambar: www.rajalampu.com

Pakdhe : ”Kok sajak kesusu, arep nyang endi Bim?”
Bima : ”Inggih, tumbas lampu pijar.”
Pakdhe : ”Kok gak lampu *LED* wae.”
Bima : ”Pilih ingkang mirah, Pak.”
Pakdhe : ”Bener, lampu *LED* regane luwih larang. Nanging yen dipikir tenan, ora ngono.”

Bima : ”Kok saged mekaten?”
Pakdhe : ”Sepisan, lampu *LED* luwih awet. Dadi...?”
Bima : ”Boten perlu wongsal-wangsul tumbas.”
Pakdhe : ”Pinter kowe! Kapindho, sinare *LED* padhange tikel wolune lampu pijar.”
Bima : ”Amargi dayanipun alit ... tarip listrikipun inggih mirah.”
Pakdhe : ”Pinter tenan kowe Bim, dakdongakake besuk gedhe dadi guru.”
Bima : ”Matur nuwun pangalembana lan donganipun.”
Pakdhe : ”Nah, sapa sing nggunakake lampu *LED*, ateges melu nyengkuyung gerakan hemat energi.”
Bima : ”Ingih, Pakdhe, kula badhe wangsul rumiyin.”
Pakdhe : ”Bener, matura bapakmu dhisik! Aku yakin bapakmu mesthi sarujuk.”
Bima : ”Inggih Pak Dhe, kula nyuwun pamit.”
Pakdhe : ”Sing ati-ati dhuwite aja nganti ceblok! Mengko bengi rasakna gumebyare sinar lampu hemat energi!”

Kawruh sapala:

Lampu pijar : lampu sing nganggo elemen
LED : lampu cilik, *light emetting diode*
Dayanipun : kekuwatane
Tarip : upah, bayar, ongkos.
Pangalembana : dielem (disanjung)
Nyengkuyung : nyetujoni, ngombyongi, ndhukung
Sarujuk : setuju
Gumebyare : padhange, bentere

Jingglengana teks ing dhuwur, banjur lumantar dhiskusi karo kanca sabangku wangsulana pitakon iki kanthi milih salah siji wangsulan sing bener!

1. Teks pacelathon iku katulis kanthi wujud ....
   a. gancaran (prosa)
   b. pada (bait)

c. imbal wacana (dhialog)
d. geguritan (puisi)

2. Sakabehe ukara ing teks pacelathon iku nggunakake ....
a. ukara kandha (kalimat langsung)
b. ukara crita (kalimat ora langsung)
c. ukara pakon (kalimat perintah)
d. ukara panjaluk (kalimat permohonan)

3. Isine teks pacelaton yaiku:
a. muji Gusti kang Maha Kuwasa
b. nelakake rasa tresna asih
c. nyritakake lelakone manungsa
d. pangajak lan panerangan


4. Cacahing paraga (tokoh) ing teks pacelathon yaiku ....
a. loro utawa luwih
b. akeh banget
c. siji utawa luwih
d. ora bisa dietung

5. Ukara ing teks pacelathon ....
a. dawa boseni
b. cekak aos
c. ngelantur
d. cekak banget


Sawise mangsuli pitakon ing dhuwur kanthi bener, saiki bisa dijupuk dudutan, yen teks pacelathon iku duwe titikan: 1) katulis kanthi wujud dhialog (imbal wacana), 2) nggunakake ukara kandha, 3) isine pangajak lan panerang, 4) cacahing paraga loro utawa luwih, lan 5) nggunakake ukara cekak aos.

Gladhen 2: Njlentrehake Tatakrama Sajrone Teks Pacelathon

Sajerone pacelathon, kita guneman kudu nganggo tatakrama sing diarani unggah-ungguh basa. Unggah- ungguh yaiku sopan-santun, tata susila, tata pranatane basa sing tujuane kanggo ngajeni wong liya. Unggah-ungguh basa bisa nuduhake kapribadene masyarakat Jawa. Yen unggah-ungguh basane trep ateges pribadine luhur, kosok baline yen unggah-ungguh basane ala, ateges pribadine asor.


Pacelathon kanthi unggah-ungguh
Gambar: shoitara-uciha.blogspot.

Miturut unggah-ungguh utawa undha usuk, Basa Jawa kaperang dadi loro, yaiku Basa Ngoko lan Basa Krama. Basa Ngoko kaperang dadi Ngoko Lugu lan Ngoko Alus, dene Basa Krama kaperang dadi Krama Lugu lan Krama Alus. Supaya luwih terang, gatekna andharan iki!



1. Basa Ngoko, kaperang dadi:
   a. Ngoko Lugu

      Yaiku basa Jawa sing kadadean saka tembung-tembung ngoko kabeh tanpa kecampuran tembung krama apadene krama inggil.

      Ngoko lugu digunakake :

      (1) Kanca sing wis rumaket
      (2) Wong tuwa marang bocah enom
      (3) Pawongan kang lagi ngunandhika

      Tuladha: Aku lagi wae mulih saka Jakarta.
      Kowe apa wis mangan?

b. Ngoko Alus

Yaiku basa Jawa sing ukarane kacampur antarane tembung ngoko lan krama.

Ngoko alus digunakake:

(1) Kanca padha kanca kang wis akrab nanging luwih ngajeni.

(2) Ibu marang bapak.

(3) Adhi marang kangmas utawa mbakyu.

(4) Wong tuwa marang wong enom, nanging pangkate luwih dhuwur.

Tuladha: Mas Ali sesuk dakaturi tindak Jakarta.
Pak Bupati isih gerah.

2. Basa Krama, kaperang dadi:

a. Krama Lugu

Yaiku basa Jawa sing kadadean saka tembung krama. Krama lugu digunakake:

(1) Wong kang durung akrab utawa durung kulina.

(2) Wong sing luwih dhuwur drajate marang wong sing luwih tuwa.

Tuladha: Pak Bayu ngertos panggenane Walanda.

b. Krama Alus

Yaiku basa Jawa sing kadadean saka basa krama lugu lan tembung krama inggil.

Krama alus digunakake:

(1) Marang wong kang diajeni banget.

(2) Abdi marang bendara.

Tuladha: Bapak Bupati taksih gerah.

Supaya luwih cetha, wacanen teks pacelathon iki!

Teks 2:

Pak Bawa : "Bim, TV ne yen ora kokdeleng, patenana!"
Bima : "Kula, badhe ningali *film* kartun, Pak."
Pak Bawa : "*Film* kartun iku isih sajam maneh...hemat energi!"
Bima :"Nanging setrumipun TV niki lak alit, paling bayaripun listrik mirah."
Pak Bawa : "Ora merga hemat mbayare wae, ya hemat energi. Delengen ta, isih akeh desa sing durung dialiri listrik."



Gemi nggunakake energi
Sumber:www.kaskus.co.id

Bima : "Niku ing luar Jawa, Pak ingkang dereng wonten listrik."
Pak Bawa : "Hla yen wis ngreti, saiki TV-ne ndang dipateni."
Bima : "Inggih Pak, mangke yen film kartune sampun wiwit kula ningali, nggih!"
Pak Bawa : "Aja kuwatir, kana sinau dhisik!

Jangkepana pranyatan ing ngisor iki!

1. Manut unggah-ungguhe basa ana basa ngoko lan basa ....
2. Basa ngoko kaperang dadi ngoko lugu lan ....
3. Basa krama kaperang dadi krama alus lan ....
4. Bocah karo bocah nggunakake basa ....
5. Bocah marang wong tuwa nggunakake basa....
6. Wong tuwa marang bocah nggunakake basa ....
7. Bima ora doyan sega goreng. Ukara kasebut nganggo basa ....
8. Miturut unggah-ungguh, Bima nggunakake basa ....
9. Tujuane Bima nggunakake basa mau yaiku ....
10. Ing pacelathon mau Pak Bawa nggunakake basa ....

Saliyane unggah-ungguh basa, isih ana maneh tatakrama sing kudu diugemi sajeroning pacelathon, yaiku sing diarani subasita. Bedane, yen unggah-ungguh basa mujudake tatakrama ing bab guneman,

nanging subasita mujudake tatakrama ing bab solah bawa (tingkah laku).

Sajerone pacelathon, wong Jawa biasa nuduhake subasita, yaiku; 1) sadurunge pacelathon ngaturake ndhingkluk minangka tandha pakurmatan, 2) polatan (ekspresi) tansah sumeh, 3) tangane ngapurancang (ditangkepake ing ngarep) kajaba yen nuduhake samubarang, 4) madhep ora tolah-toleh lan ora nyawang pasuryane wong sepuh sing diajak guneman, lan 5) ora disambi karo ngemut utawa ngemil panganan.



Pacelathon ngugemi tatakrama.
Sumber:liberty-aries.blogspot.

Gladhen 3: Njlentrehake Isine Teks Pacelathon

Ana ing kalodhangan iki bocah-bocah bakal diajak sinau njlentrehake isine teks pacelathon. Minangka sarana gladhen, gatekna teks iki banjur garapen pakaryan ing ngisore!

Teks 3:

Agung	:	"Nuwun sewu, kok njanur gunung nitih sepedhah, Pak. Kenging punapa mobilipun?"
Pak Hari	:	"Mobile apik-apik wae, mung bapak kepingin sepedhahan."
Agung	:	"Bapak punapa boten lingsem?"
Pak Hari	:	"Ora, isin iku yen mbolos, telat, ora nggarap PR."
Agung	:	"Lajeng menapa tujuanipun bapak nitih sepedhah?
Pak Hari	:	"Kanggo njaga kesehatan lan ngulinakake

		budaya gemi nggunakake energi.”
Agung	:	“Wah, kula kok mboten mudheng, ta?”
Pak Hari	:	“Mobil kae bahan bakare apa?”
Agung	:	“Bensin, petralit, utawi petramax.”
Pak Hari	:	“Kuwi kabeh bahan sing asale saka bumi. Yen digawe terus, suwe-suwe bisa entek.”
Agung	:	“Wah, dangu-dangu rak saged telas?”
Pak Hari	:	“Mulane aku numpak sepedhah, ben irit energi.”
Agung	:	“Wah, menawi para pejabat ingkang dalemipun celak kantor, kersa niti sepedhah, saged irit BBM?”
Pak Hari	:	“Ya, kajaba kuwi uga nyuda kemacetan.”

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa tegese tembung njanur gunung ing teks pacelathon dhuwur?
2. Pak Hari bakal rumangsa isin yen tumindak apa?
3. Apa tujuane Pak Hari nitih sepedha?
4. Aranana jinis bahan energi sing sumbere ora bisa didandani utawa dianyari!
5. Kepriye yen energi dinggo terus?
6. Nyapa energi bisa entek?
7. Kendharaan apa wae sing nggunakake energi mau?
8. Kepriye, yen kabeh priyayi sing daleme cedhak kantor kersa nitih sepedha?
9. Saliyane bisa ngirit energi, priyayi tindak kantor kanthi nitih sepedha bisa njalari apa?
10. Tulisen dudutan isine tes pacelathon ing dhuwur!

Pasinaon 2

Makarya Bebarengan: Nindakake Pacelathon



Kabeh melu tandang gawe.Gambar: ndepurba.wordpress.com

Sajerone pasinaon 2 bocah-bocah kaajak ngrakit teks pacelathon adhedhasar tema karo kancane saklompok. Sabanjure pacelathon kang wis karakit diparagakake ing ngarep kelas. Kanggo kaperluan mau, luwih dhisik para siswa kudu mangerteni tatacarane ngrakit teks pacelathon.

Gladhen1: Ngrakit Teks Pacelathon Adhedhasar Tema

Trap-trapan nyusun teks pacelathon, yaiku:

1. Nemtokake tema
   Manawa tema "Gemi Nggunakake Energi" krasa kejembaren, tema bisa kaciutake dadi anak tema, tuladhane:
   a. Ngirit setrum setrika listrik.
   b. Ngirit setrum mesin cuci.
   c. Ngirit setrum lampu.
2. Golek informasi babagan sing ana sambung rapete karo tema sing dipilih (sumber informasi bisa digoleki saka buku, koran, majalah, utawa internet).
3. Nemtokake cacahe pawongan sing melu omong-omongan ing pacelathon.
4. Ngrembakakake tema sing dipilih dadi ukara.

5. Nyusun teks pacelathon kanthi nggunakake tata tulis sing pener lan bener.

Nalika nyusun teks pacelathon, ana bab sing kudu dadi kawigaten, yaiku ukara sing digunakake kudu saur-sauran (gentenan ngomong). Teks pacelathon kerep nggunakake tembung pitakon apa, sapa, kepriye, ing ngendi, lan kapan.

Gawea teks pacelathon karo kancamu saklompok kaya pituduh ing dhuwur!

Gladhen2: Maragakake Teks Pacelathon

Nalika maragakake teks pacelathon, pocapan kudu jelas, intonasi kudu pas, polatan lan gestur kudu jumbuh karo isine pacelathon. Jlentrehe mangkene:



Gambar:erfolg.org

1. Pocapan

a. Swara jejeg lan swara miring kanthi pener lan bener.

1) Bisa ngucapake swara **a** jejeg kaya ing tembung **dawa, bata, lan sanga.** Semono uga kudu bisa ngucapake swara **a** miring kaya ing tembung **jajan, nanas, lan enak**.

2) Bisa ngucapake swara **i** jejeg kaya ing tembung **iki, pari, lan sapi.** Semono uga kudu bisa ngucapake swara **i** miring kaya ing tembung **pitik, benjing, lan ing**.



Pocapan kudu jelas.
Gambar: ikafitriyanti.blogspot

3) Bisa ngucapake swara **u** jejeg kaya ing tembung **ibu, aku, lan sapu**. Semono uga kudu bisa ngucapake swara **u** miring kaya ing tembung **kasur, sarung, lan warung**.
4) Bisa ngucapake swara **e** jejeg kaya ing tembung **sate, kare, lan tape.** Semono uga kudu bisa ngucapake swara **e** miring kaya ing tembung **pelem, kalem, lan elek.**
5) bisa ngucapake swara **o** jejeg kaya ing tembung **ora, soto, lan bakso.** Semono uga kudu bisa ngucapake swara **o** miring kaya ing tembung **kodhok, ngorok, lan kelompok.**

b. Swara aksara t, th, d, lan dh kanthi pener lan bener.

1) Bisa ngucapake aksara **t** kanthi nggathukake pucuk ilat ketemu pucuk untu, tuladhane **untu, tomat lan tindak.** Semono uga kudu bisa ngucapake Aksara **th** diucapake kanthi nggathukake pucuk ilat ketemu langit-langit ing alat ucap, tuladhane bathuk, kathok , lan manthuk.
2) Bisa ngucapake aksara **d** kanthi nggathukake pucuk ilat ketemu pucuk untu, tuladhane **kudu, duren, lan dudu.** Semono uga kudu bisa ngucapake Aksara **dh** diucapake kanthi nggathukake pucuk ilat ketemu langit-langit ing alat ucap, tuladhane **dhahar, sadhuk, lan dhukun.**

2. Intonasi

Intonasi ateges wiramane ukara, yaiku rendhet-cepete lan agal-aluse pocapane paraga nalika nuturake tembung lan ukara sajerone pacelathon.



Solah bawa jumbuh karo tatakrama
gambar: ricky-perdana.blogspot

3. Polatan

Polatan yaiku owah-owahane praupan kanggo ngatonake rasane batin. Paraga kudu ngatonake praupan jumbuh karo isine teks pacelathon.

4.Gestur

Gestur mujudake solah bawa utawa tingkah polahe paraga jumbuh karo isine teks pacelathon.

Tindakna pakaryan iki!

Bocah-bocah, andharan bab tatacara maragani teks pacelathon mau sinaunen kanthi becik. Yen wis rampung, paragakna teks pacelathon ing ngisor iki karo kancamu saklompok!

Agung	:	"Nuwun sewu, kok njanur gunung nitih sepedhah, Pak. Kenging punapa mobilipun?"
Pak Hari	:	"Mobile apik-apik wae, mung bapak kepingin sepedhahan."
Agung	:	"Bapak punapa boten lingsem?"
Pak Hari	:	"Ora, isin iku yen mbolos, telat, ora nggarap PR."
Agung	:	"La, menapa tujuanipun bapak nitih sepedhah?"
Pak Hari	:	"Njjaga kesehatan lan budaya gemi energi."
Agung	:	"Wah, kula kok mboten mudheng, ta?"
Pak Hari	:	"Mobil kae bahan bakare apa?"
Agung	:	"Bensin, petralit, utawi petramax."
Pak Hari	:	"Kuwi kabeh bahan sing asale saka bumi. Yen digawe terus, suwe-suwe bisa entek."
Agung	:	"Wah, dangu-dangu saged telas?"
Pak Hari	:	"Mulane aku numpak sepedhah, ben irit energi."
Agung	:	"Wah, menawi para pejabat tindak kantor, kersa niti sepedhah, saged irit BBM?"
Pak Hari	:	"Ya, kajaba kuwi uga nyuda kemacetan."

Lembar Pambiji Maragani Teks Pacelathon

No.	Jeneng	Aspek Pambiji				Skor	Biji
		Pocapan	Intonasi	Polatan	Gestur		
1							
2							
3							
4							
5							

Pasinaon 3

Makarya Mandhiri Babagan Teks Pacelathon

Mung manungsa sing duwe jiwa mandhiri sing bisa tumindak aktif, kreatif, lan inovatif. Supaya duwe jiwa mandhiri, bocah-bocah kudu kerep gladhen makarya kanthi mandhiri. Mula, kanggo sarana gladhen ing pasinaon 3 iki bocah-bocah bakal kaadhepake karo ayahan mandhiri, yaiku nulis teks pacelathon kanthi tema "Gemi Nggunakake Energi".



Aktif, kreatif, lan inovatif.
Gambar: ayomendidik.wordpress.com

Bocah-bocah mesthine kerep nindakake pacelathon karo kanca tunggal sekolahan, tunggal RT, utawa tunggal desa. Ing pacelathon mau maneka bab bisa diomongake, wiwit film kartun sing disenengi, alat elektronika, nganti piwulang ing sekolah. Saka pacelathon mau, akeh informasi sing bisa kapethik.


Saiki bocah-bocah bakal sinau nyusun teks pacelathon kanthi tema "Gemi Nggunakake Energi".

Gladhen 1 : Nulis Teks Pacelathon

a. Gatekna gambar iki!



klambi reged langsung diumbah.



Klambi reged diklumpukake lagi diumbah

Kanggo sarana gladhen, jangkepana teks pacelathon adhedhasar gambar ing dhuwur!

Bu Yani	:	"Apa bener, dhek wingi kowe tuku mesin cuci?
Tuti	:	....
Bu Yani	:	"Apa kowe gelem dakkandhani carane nggunakake mesin cuci?"
Tuti	:	"Inggih, kula badhe nyuwun pirsa, nanging kula isin."
Bu Yani	:	...."
Tuti	:	"O, makaten ta?"
Bu Yani	:	" Saliyane iku isih ana bab sing wigati, yaiku kanggo ngirit listrik, banyu, lan sabun, ... kumpulake dhisik klambi sing reged ... lagi diumbah."
Tuti	:	"..."
Bu Yani	:	"Ya wis, yen wis jelas, jajalen!"

GLADHEN WULANGAN 2

I. Pitakon ing ngisor iki wangsulana sing patitis, kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Kita kudu gemi energi supaya ora kentekan. Tembung gemi tegese yaiku....
   a. awet
   b. boros
   c. utuh
   d. irit

2. Bensin, pertalit, pertamak lan batubara iku kalebu energi kang diasilake dening....
   a. pabrik
   b. bumi
   c. manungsa
   d. omahan

3. Pacelathon tegese ... .
   a. beda karo percakapan utawa dialog ing Basa Indonesia.
   b. ing bahasa Indonesia diarani drama utawa teater.
   c. pangudarasane pawongan ngenani sawenehe bab.
   d. rembugane wong loro utawa luwih ngenani sawenehe bab.

4. Miturut unggah-ungguh utawa undha usuk, basa Jawa kaperang dadi loro, yaiku ....
   a. ngoko lugu lan ngoko alus
   b. krama lugu lan krama alus
   c. basa ngoko lan basa krama
   d. krama lugu lan krama inggil

5. Pacelathone bocah marang wong tuwa nggunakake basa....
   a. ngoko lugu
   b. ngoko alus
   c. krama lugu
   d. krama alus

6. Pacelathone batur marang juragan nggunakake basa....
   a. ngoko lugu
   b. ngoko alus
   c. krama lugu
   d. krama alus

7. Bu Dewi : Surti, kowe arep nyang ndi?
   Surti : ....
   Ukara kang trep kanggo njangkepi pacelathon ing dhuwur yaiku....
   a. nyang omahe budhe.
   b. dhateng dalemipun budhe.
   c. nyang griyane budhe.
   d. tindak griyane budhe.

8. Budhe badhe ....pundi? Tembung kang trep kanggo njangkepi ukara kasebut yaiku....
   a. tindak
   b. lunga
   c. kesah
   d. wangsul

9. Salah sawijine titikan teks pacelathon yaiku ... .
   a. katulis kanthi wujud dhialog (imbal wacana)
   b. mung nggunakake ukara crita
   c. diparagani dening pawongan siji
   d. nggunakake ukara sing ngambrawara.

10. Bapak mundhut jajan kanggo Bima lan Rini. Ukara kasebut nggunakake basa ....
    a. ngoko lugu

b. ngoko alus
c. krama lugu
d. krama alus

II. Jodhokna tembung ragam krama ing kolom sisih kiwa karo tembung ragam ngoko ing kolom sisih tengen, kanthi nulis aksara ing papan kang sumadya!

No.	Tembung Ragam Krama	Aksara	Tembung Ragam Ngoko
1	gampil (...)	A	tuku
2	diutus (...)	B	seneng
3	tumbas (...)	C	lagi
4	alit (...)	D	dikandhani
5	wangsul (...)	E	isin
6	remen (...)	F	dikongkon
7	nembe (...)	G	cilik
8	didhawuhi (...)	H	entek
9	lingsem (...)	I	bali
10	telas (...)	J	gampang

III.Wangsulana kanthi patitis!
IV.

1. Wenehana tuladha tumindak sing nuduhake pakerti gemi nggunakake energi!
2. Aranana titikane teks pacelathon, loro wae!
3. Wong Jawa yen nindakake pacelathon nggunakake basa apa?
4. Aranana trap-trapane nulis teks pacelathon, loro wae!
5. Jangkepana teks pacelathon iki!

Bima : "Wonten dhawuh bu?"
Ibu : ".."
Bima : "Sampun, TV –nipun sampun kula pejahi."
Ibu : ".."

WULANGAN 3

PERDULI MARANG LINGKUNGAN

KOMPETENSI DASAR

3.1. Mengenal dan memahami unsur intrinsik teks crita rakyat secara lisan dan tulis.

INDIKATOR

3.1.1. Menyebutkan contoh crita rakyat.

3.1.2. Menjelaskan unsur intrinsik dalam teks crita rakyat.

3.1.3. Menjelaskan pesan moral teks yang terdapat dalam crita rakyat.

KOMPETENSI DASAR

4.1. Menceritakan kembali teks crita rakyat sesuai dengan urutan yang benar.

INDIKATOR

4.1.1. Menuliskan pokok – pokok crita rakyat.

4.1.2. Menceritakan crita rakyat sesuai dengan urutan yang benar

4.1.3. Menanggapi crita teman.

Sawise sinau wulangan 3 iki, bocah-bocah kaajab bisa: ngarani tuladhane crita rakyat, njlentrehake unsur instrinsik sajerone teks crita rakyat, lan njlentrehake ajaran moral sing ana ing sajerone teks crita rakyat. Sabanjure, bocah-bocah uga kaajab bisa nulis gagasan utama saben paragraf, nyritakake maneh crita rakyat kanthi urutan sing bener lan nanggapi critane kanca.

Mbabar Wawasan

Akeh manungsa sing wis lali marang piwulange leluhur babagan perduli marang lingkungan. Kamangka tujuane kanggo njaga lingkungan supaya migunani tumrap panguripane manungsa.

Piwulang sing mau umume wujud gugon-tuhon utawa kapercayan, yaiku piwulang sing ora tinemu nalar nanging digugu lan dituhoni (digatekake lan dituruti) dening masyarakat. Tuladhane, "Aja ngrusak tetanduran sing wis ngrembuyung, mengko kuwalat karo sing mbaureksa!" Awit wedi karo sing mbaureksa (jin utawa dhemit), mula masyarakat ing kono banjur ora ana sing wani ngrusak wit-witan sing gedhe ngrembuyung mau (tuladhane wit ringin, trembesi, lan asem). Pungkasane, wit-witan mau bisa kanggo yub-yuban, bisa njaga sumber banyu ing njerone lemah, bisa ngasilake oksigen sing dibutuhake manungsa, lan menawa ditata sing apik bisa nambahi endahe lingkungan.

Piwulange para leluhur babagan perduli marang lingkungan, migunakake dhasar pangrasa dudu pangrusak. Para leluhur ing tanah Jawa, menawa nyebut angkasa kanthi sebutan bapa angkasa, lan yen nyebut bumi kanthi sebutan ibu pertiwi. Para leluhur rumangsa, yen jagad agung iki kudu dikurmati, dijaga, diopeni lan dibekteni kaya bapa lan ibune dhewe.



Eman yen nganti rusak.
Gambar: tersakti.com

Sawise maca andharan lan nggatekake gambar ing dhuwur, mesthine banjur tuwuh pitakonan:

1) Wit gedhe ngrembuyung oyote pating klewer sing kacetha ing gambar iku jenenge wit apa?
2) Wit-witan semono gedhene iku kira-kira umure pirang taun?
3) Apa gunane wit-witan iku?
4) Kepriye carane ngopeni wit-witan nganti semono iku?
5) Apa ana wit-witan gedhe ing panggonanmu?

Bareng karo kemajuane ilmu pengetahuan, masyarakat Jawa sing maune ngugemi gugon tuhon tanpa dinalar saiki anggone ngugemi gugon tuhon nganggo dinalar. Kanthi migunakake nalare, masyarakat Jawa bisa nemokake ajaran moral sajerone gugon tuhon mau. Tuladha gugon tuhon lan ajaran moral perduli marang lingkungan bisa kawaca ing tabel iki.

No.	Gugon Tuhon	Ajaran Moral
1	Nyapu bengi, ora ilok.	Nyapu ing wayah bengi regede ora katon. Mula, supaya lingkungan bisa resik yen nyapu becike wayah awan.
2	Aja uncal uwuh.	Nguncalale uwuh bisa ngregedi lingkungan, becike uwuh dikumpulake banjur dibuwang ing papan sing samesthine.

3	Aja ngidoni sumur, mundhak guwing.	Kajaba reged, idu bisa dadi dalan nulare penyakit. Kamangka banyu sumur mujudake kabutuhan pokok manungsa, mula kudu dijaga.
4	Kandhang omah, ora ilok	Omah didadekake kandhang dadi reged, suker, sumber penyakit lan kurang prayoga yen ana tamu.

Gugon tuhon iku mujudake kearifan lokal (budi pekerti sing asipat lokal) sing diwulangake kanthi disamarake lumantar pepali utawa wewaler (larangan) sajerone unen-unen, dongeng, utawa crita rakyat.

Pasinaon 1

Model Teks Pinilih: Teks Crita Rakyat

Pasinaon 1 iki bocah-bocah bakal nyinau wulangan kang sesambungan karo teks crita rakyat kanthi tema "Perduli Marang Lingkungan". Sajerone pasinaon iki bocah-bocah kaajak ngrampungake rong garapan. Garapan 1 magepokan karo ngarani tuladhane teks crita rakyat, dene garapan 2 sesambungan karo njlentrehake unsur instrinsik sajerone teks crita rakyat.



Nandur wit-witan, panen kabecikan.
Gambar: harianterbit.com

Gladhen 1 : Nuturake Tuladhane Crita Rakyat

Sadurunge maca lan nuturake teks crita rakyat kanthi tema "Perduli Marang Lingkungan", wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Apa bocah-bocah wis tau krungu tembung crita rakyat?

2. Apa bocah-bocah wis tau maca teks crita rakyat?
3. Apa irah-irahan teks crita rakyat sing tau kokwaca?
4. Apa sing kokrasakake nalika maca teks crita rakyat?
5. Apa gunane maca teks crita rakyat?

Crita rakyat, yaiku crita jaman biyen sing tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat kanthi turun-tumurun digethok tularake lumantar lesan. Crita rakyat duwe titikan: 1) ora diweruhi sapa sing ngarang, 2) panyebarane kanthi lesan, 3) sugih cakrik utawa variasi, lan 4) sipate tradhisional.

Jawa Timur sugih crita rakyat, meh saben dhaerah duwe crita rakyat dhewe-dhewe. Crita rakyat sing kondhang yaiku: Asal-usul Guwa Ngerong, Lanjar Maibit, Angling Darma, Calon Arang, Andhe-Andhe Lumut, Rara Anteng lan Jaka Seger, Asal-Usul Gunung Kelud, Asal-Usul Telaga Pasir, Asal-Usul Surabaya, lan isih akeh maneh crita rakyat liyane.

Crita rakyat bisa digunakake kanggo mulangake piwulang perduli marang lingkungan, salah sawijine yaiku " Asal-usul Guwa Ngerong". Supaya luwih cetha, wacanen teks crita rakyat iki lan tindakna ayahan sabanjure!

Asal-usul Guwa Ngerong


Tim ekspedisi nelusuri njerone guwa. Gambar: mahapalaupn.wordpress.

Dhek jaman biyen ing sisih kidul kulon tlatah Tuban, ana kraton cilik sing diarani Kraton Gumenggeng. Rajane asmane Prabu Arya Bangah. Amarga saperangan gedhe wilayahe dumadi saka pagunungan kapur, mula meh sadawane taun kraton kasebut tansah ngalami kangelan banyu. Kahanan kasebut ndadekake Prabu Arya Bangah prihatin.

Prabu Arya Bangah nuli semedi, nyenyuwun marang Gusti kang Murbeng Dumadi supaya diparingi pituduh kanggo ngundhakake karaharjane rakyate. Sajerone semedi, Prabu Arya Bangah oleh wangsit yen reruwete Kraton Gumenggeng bakal sirna

saka pitulungan Ki Jala Ijo ing pertapan Gunung Ngandhong. Sawise semedi, Prabu Arya Bangah banjur nimbali Ki Jala Ijo.



Guwa lan kali ngerong panggonane iwak lan lawa.

Gambar: gotuban.blogspot.co.id

"Ki, anggon Panjenenganingsun nimbali sliramu sowan ing pendhapa iki ana perlune."

"Nuwun inggih, kula nyadhong dhawuh", wangsulane Ki Jala Ijo.

"Saiki Praja Gumengeng lagi nandhang paceklik, tetanduran lan sato kewan padha mati awit kurang banyu. Mula, saiki sira dakutus goleka sumber banyu ing tlatah kene!" prentahe Prabu Arya Bangah.

Ki Jala Ijo nyanggupi prentahe Prabu Arya Bangah. Kanthi kadherekake punggawa kraton loro cacahe, Ki Jala Ijo mlaku ngulon parane. Tekan perengane gunung kapur, Ki Jala Ijo nancepake pusakane. Dumadakan, saka tilas mancepe pusaka metu banyu sing gemrojog. Suwe-suwe, iline banyu tansaya banter lan ronge (terowongane) tambah amba nganti dadi guwa sing metu kaline.

"Besuk yen ana rejane jaman, papan iki diarani Guwa Ngerong", ngendikane Ki Jala Ijo. Marang punggawa loro, Ki Jala Ijo pesen yen punggawa loro iku ora oleh ninggalake guwa lan diutus njaga lestarine guwa lan sumber banyu. Punggawa loro

nyanggupi prentahe Ki Jala Ijo, kanthi njelma dadi iwak lan lawa dheweke njaga kelestariane lingkungan guwa. Wiwit kedadean iku, lingkungan ing kiwa tengene guwa dadi ijo royo-royo, thukul kang sarwa tinandur, lan murah sandhang pangan.

Guwa Ngerong Tuban, nganti saiki dikebaki maewu-ewu lawa lan iwak badher. Masyarakat ora ana sing wani ngrusak Guwa Ngerong jalaran anane gugon tuhon, yen lawa lan iwak iku panjilmane sing nunggu guwa. Sapa wonge sing ngrusak guwa, sumber banyu, wit-witan, iwak, lan lawa ing kiwa-tengene Guwa Ngerong wong mau bakal nemoni cilaka.


Iwak ing guwa Ngerong.
Gambar: .adirafacesofindonesia.com

Kawruh sapala:

kraton	: krajan, panggonane ratu
wilayah	: tlatah, dhaerah, wewengkon
semedi	: tapa, tapabrata, manembah
wangsit	: wisik, pituduh, piweling
reruwet	: alangan, godha
rejane jaman	: ramene raja
panjilmane	: malihane
sirna	: ilang, musna
nyadhong dhawuh	: nunggu prentahe
paceklik	: mangsa larang pangan
gemrojog	: mili banter
punggawa	: pengarep, abdi dalem

Sawise maca teks crita lan andharan ing dhuwur, ganepana ukara-ukara ing ngisor iki supaya sampurna!

1. Irah-irahane crita rakyat ing dhuwur yaiku....
2. Paragane crita ing dhuwur yaiku.... lan ....
3. Crita kasebut kedadeane ing kraton....
4. Raja ing Kraton Gumenggeng prihatin amarga....
5. Kanggo ngundhakake karaharjane rakyat Raja Gumenggeng nindakake....
6. Sing diutus Raja Gumenggeng golek sumber banyu yaiku....
7. Sing ditindakake dening utusane raja Gumenggeng sajerone golek sumber banyu yaiku....
8. Papan metune sumber diarani Guwa Ngerong amarga....
9. Guwa Ngerong nganti saiki isih lestari amarga....
10. Tuladha crita rakyat liyane sing koweruhi yaiku .... lan ....

Gladhen 2 : Njlentrehake Unsur Intrinsik Crita Rakyat

Sanajan crita rakyat iku mujudake gancaran (prosa) sing ora diweruhi pengarange, nanging crita rakyat uga nduweni unsur-unsur pandhapuk sing jangkep kaya dene asil cipta sastra liyane. Salah siji unsur pandhapuk sing diduweni dening crita rakyat yaiku unsur intrinsik.

Unsur intrinsik yaiku unsur pandhapuk crita sing asale saka crita iku dhewe. Yen diumpamakake sawijining wangunan, mula unsur intrinsik mujudake perangan-perangan sing digunakake minangka bahan wangunan kasebut. Unsur intrinsik crita rakyat yaiku:

1. Tema:

   Tema yaiku underane perkara utawa gagasan pokok sing dadi dhasar dumadine crita.



Maca cerkak kudu titi.
Gambar: mysecretboy.wordpress.com

2. Latar

   Latar yaiku andharan babagan wektu, kahanan, lan papan dumadine crita.
3. Pesan moral/ amanat

   Amanat yaiku pitutur luhur utawa piwulang sing bisa kapethik saka crita rakyat.
4. Paraga lan watake

   Paraga lan watake yaiku sapa sing dicritakake lan kepriye watake.
5. Alur.

   Alur yaiku urut-urutan dumadine crita. Umume crita rakyat migunakake alur maju. Panutur nyritakake kedadean miturut urutan wektu.

Bocah-bocah, wacanen sepisan maneh teks crita rakyat kanthi irah-irahan "Asal-Usul Guwa Ngerong" sabanjure wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1) Apa temane crita rakyat kanthi irah-irahan "Asal-usul Guwa Ngerong"?
2) Kapan wektu kedadeane crita?
3) Dumadine crita ana ing endi?
4) Kepriye kahanane masyarakat ana ing crita rakyat kanthi irah-irahan "Asal-usul Guwa Ngerong"?
5) Apa amanat sing bisa kapethik saka crita rakyat kanthi irah-irahan "Asal-usul Guwa Ngerong"?
6) Sapa wae paragane crita mau?
7) Kepriye watake para tokoh ing crita rakyat kanthi irah-irahan "Asal-usul Guwa Ngerong"?
8) Kepriye alure crita rakyat kanthi irah-irahan "Asal-usul Guwa Ngerong"?

Pasinaon 2

Makarya Bebarengan Babagan Crita Rakyat



Guyub rukun makarya bebarengan.
Gambar: wapikweb.org

Sawise maca, mahami, lan njlentrehake unsur intrinsik ing teks crita rakyat, ing pasinaon 2 bocah-bocah bakal kaajak makarya bebarengan karo kanca ing klompok.

Bocah-bocah kaajab kanthi guyub rukun, bisa njlentrehake pesen moral sing ana sajrone teks crita rakyat. Sabanjure, bocah-bocah uga kaajab bisa nulis gagasan utama saben paragraf sing ing crita rakyat.

Gladhen 1: Njlentrehake Pesen Moral Teks Crita Rakyat

Pesen moral uga diarani amanat kang wujud pitutur becik kang ana crita. Supaya bisa mangreteni isine ajaran moral ing teks crita rakyat, wacanen teks crita rakyat ing ngisor iki lan tindakna ayahan sabanjure!

GROJOGAN RORO KUNING



Grojogan Roro Kuning ing Nganjuk.
Gambar: http://dzofar.com/

Sawise Prabu Erlangga seda, kraton Kahuripan kaperang dadi loro yaiku Jenggala lan Panjalu. Kanggo ndadekake Kraton loro dadi siji maneh, Raja Jenggala sarujuk besanan karo Raja Panjalu.

Raja Jenggala kagungan putra kakung asmane Raden Inu Kertapati. Dene Raja Panjalu saka garwa prameswari

kagungan putri asmane Dewi Sekartaji, lan saka garwa selir kagungan putri asmane Galuh Ajeng.

Amarga Dewi Sekartaji luwih ayu lan apik budi pakertine yen katandhing karo Galuh Ajeng, mula Raden Inu Kertapati milih Dewi Sekartaji minangka jodhone.

Galuh Ajeng sing serik atine banjur golek dalan kanggo nyingkirake Dewi Sekartaji. Saka dhukun tenung, Galuh Ajeng oleh endhog sing wis dijampi-jampi kanggo disisipake ing dhaharane Dewi Sekartaji.

Sawise Dewi Sekartaji dhahar endhog mau, sakujur awake Dewi Sekartaji krasa gatel, padha mlepuh, lan ngetokake ganda amis. Sadhar yen larane ora biasa, Dewi Sekartaji banjur sowan bibine yaiku Dewi Kilisuci pertapan Guwa Selomangleng. "Laramu iki ora lara sembarangan, nanging kowe aja was-sumelang. Yen kowe bisa sabar, gelem ngupaya golek tamba, lan pasrah marang Gusti Kang Maha Kawasa, kowe malah bakal oleh kanugrahan," ngendikane Dewi Kilisuci manteb.



Beksan Roro Kuning
Gambar: cilpaentertainment.

"Aja kesuwen, saiki enggal mlakua ngalor temokna Grojogan Mrambat ing Anjuk Ladhang (*saiki Nganjuk*)! Mesanggraha ana kana, saben esuk lan sore adusa nganggo banyune sing bening! Aja pisan-pisan gawe karusakan ing kana, awit banyune sing suci bisa dadi tambane laramu lan alame sing asri bisa ngadhemake ati sing panas!" ngendikane Dewi Kilisuci sabanjure.

Nindakake dhawuhe Dewi Kilisuci, ing Grojogan Mrambat Dewi Sekartaji ngedegake pesanggrahan. Supaya ora konangan yen panjenengane iku putra raja, Dewi Sekartaji ganti asma yaiku Roro Kuning. Panjenengane tansah njaga grojogan supaya tetep resik lan asri.

Saben dina panjenengane siram lan ngunjuk banyu grojogan. Ora nganti suwe kira-kira pitung dina lawase, penyakite Roro Kuning wis ilang. Roro Kuning mbalik dadi ayu maneh, ayu rupane uga ayu atine.

Suwe-suwe Grojogan Mrambat dadi rame, akeh pawongan sing padha golek tamba ing kana. Roro Kuning kanthi suka rena tansah paring tetulung marang sapadha-padha, kanthi menehi dhaharan lan suguhan marang sakabehe pawongan sing mertamba.

Kacarita, ing Jenggala Raden Inu Kertapati pirsa yen Dewi Sekartaji calon garwane ilang, panjenengane sedhih banget. Saka prajurit andhahane, panjenengane oleh lapuran yen ing Grojogan Mrambat ana wong wadon ayu sing seneng tetulung jenenge Roro Kuning. Raden Inu Kertapati yakin yen Roro Kuning iku sejatine Dewi Sekartaji.

Raden Inu Kertapati banjur kadherekake para prajurit mapag Dewi Sekartaji. Sawise ketemu, Dewi Sekartaji kaboyong didadekake garwa ing kraton. Sadurunge kondur ing kraton Raden Inu Kertapati dhawuh, "Besuk yen ana rejane zaman papan iki diarani Grojogan Roro Kuning!"

Kawruh sapala:

sarujuk	: setuju
prameswari	: garwa padmi, garwa utama
selir	: garwa kapindho
serik	: ora seneng
tenung	: santhet
pasangrahan	: omah panginepan
suka rena	: seneng, suka parisuka
kaboyong	: digotong, dijujul
pasanggrahan	: papan leren

Sarampunge maca crita ing dhuwur, jangkepana tabel ing ngisor iki. garapen karo kancamu saklompok!

No.	Kutipan Teks	Amanat
1	Yen kowe bisa sabar, gelem ngupaya golek tamba, lan pasrah marang Gusti Kang Maha Kawasa, kowe malah bakal oleh kanugrahan," ngendikane Dewi Kilisuci manteb.	Kita kudu sabar lan pasrah marang Gusti Kang Maha Kuwasa
2	Galuh Ajeng sing serik atine banjur golek dalan kanggo nyingkirake Dewi Sekartaji. Saka dhukun tenung, Galuh Ajeng oleh endhog sing wis dijampi-jampi kanggo disisipake ing dhaharane Dewi Sekartaji.	....
3	Mesanggraha ana kana, saben esuk lan sore adusa nganggo banyune sing bening! Aja pisan-pisan gawe karusakan ing kana, awit banyune sing suci bisa dadi tambane laramu lan alame sing asri bisa ngadhemake ati sing panas!" ngendikane Dewi Kilisuci sabanjure.	....
4	Suwe-suwe Grojogan Mrambat dadi rame, akeh pawongan sing padha golek tamba ing kana. Roro Kuning kanthi suka rena tansah paring tetulung marang sapadha-padha, kanthi menehi dhaharan lan suguhan marang sakabehe pawongan sing mertamba.	....

Gladhen 2: Nemokake Pokok-Pokok Teks Crita Rakyat

Pokok-pokok crita yen durutake urut-urutane crita sing jangkeb.
Dhiskusia karo kancamu saklompok temokna pokok-pokoke crita "Roro Kuning" kanthi urut lan jangkep!



Paes Dewi Sekartaji
Gambar: kompasiana.com

No	Urutan	Pokok-Pokok Crita
1	1.	Raja Jenggala pengin besanan karo Raja Panjalu
2	2	....
3	3	Galuh Ajeng gawe ala marang Dewi Sekartaji
4	4	....
5	5	....
6	6	Dewi Sekartaji malih ayu rupane dhasar ya ayu atine.
7	7	....
8	8	Panji Asmara Bangun mapag Dewi Sekartaji menyang Grojogan Mrambat.

Pasinaon 3

Makarya Mandhiri Babagan Teks Crita Rakyat

Kanggo meruhi sepira kawruhe bocah-bocah babagan teks crita rakyat, ing pasinaon 3 bakal dijak nggarap ayahan mandhiri, yaiku nyritakake maneh crita rakyat kanthi urutan sing bener lan nanggapi critane kanca.

Gladhen 1: Nyritakake Maneh Teks Crita Rakyat



Kendel bandha wani.
Gambar: http://1080.plus/

Pokok-pokok crita sing ditemokake bocah-bocah ing pasinaon loro mujudake ringkesan crita sing bisa digunakake pedhoman nindakake ayahan crita ing ngarep kelas. Nalika nindakake ayahan crita ing ngarep kelas, bocah-bocah kudu nggatekake: 1) panganggone tembung-tembung sing gampang dingerteni, 2) swara manut kahanan (swara lanang-wadon, enom-tuwa, sedhih-seneng, lan sapanunggalane), 3) obahake tangan lan awak kanggo nggambarake kahanan, 4) panyawang marang penonton kanthi warata, 5) praupan dicocogake karo crita (sedhih, mangkel, lan sapanunggalane), 6) nggunakake perabotan kanggo narik kawigaten (gambar, boneka, utawa liyane), lan 7) komunikatif

Majua siji-siji menyang ngarep kelas, nyritakake crita "Grojogan Roro Kuning" utawa "Asal-Usul Guwa Ngerong"!

Gladhen 2: Nanggapi Critane Kanca

Saliyane bisa crita kanthi bener lan pener, bocah-bocah uga kudu bisa menehi tanggapan nalika ana kanca crita ing ngarep kelas babagan crita rakyat. Anggone nanggapi bisa kanthi aweh panemu sing awujud pasarujukan, bantahan, pitakon, panyaru (kritik), utawa pamrayoga (saran). Babagan sing bisa ditanggapi, yaiku swarane, solah bawane, lan gaya komunikasine. Sakabehe panemu becike kaaturake kanthi tatakrama lan sopan santun.

Tuladha menehi tanggapan:

NO.	Jeneng	Tanggapan
1	X	Swarane wis apik, ananging solah bawa lan komunikasine isih kurang.
2	Y	Sanajan swarane kurang cetha, ananging solah bawane pantes lan bisa komunikasi karo penonton.

GLADHEN
WULANGAN 3

I. Pitakon ing ngisor iki wangsulana sing patitis, kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Gugon-tuhon, yaiku ... .
   a. piwulang sing ora tinemu nalar mula ora digugu lan dituhoni dening masyarakat.
   b. piwulang sing ora digugu lan dituhoni mula ora digatekake dening masyarakat.
   c. piwulang sing ora tinemu nalar nanging digatekake lan dituruti dening masyarakat.
   d. piwulang sing tinemu nalar mula digugu lan dituhoni dening masyarakat.

2. Para leluhur ing tanah Jawa, menawa nyebut angkasa kanthi sebutan ... .
   a. bapa angkasa
   b. ibu pertiwi
   c. langit
   d. jonggring saloka

3. Aja ngidoni sumur, mundhak guwing. Gugon tuhon iku tujuane ... .
   a. njaga sumur supaya ora reged.
   b. ngajari carane idu.
   c. njaga lambe supaya ora guwing.
   d. njaga supaya ora ketularan penyakit.

4. Aja nglungguhi bantal. Gugon tuhon kasebut duwe karep....
   a. njalari udunen
   b. njalari ngompol
   c. njalari kuwalat
   d. ngajeni papane sirah

5. Crita rakyat, yaiku ... .
   a. crita jaman saiki sing tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat kanthi turun-tumurun digethok tularake lumantar lesan.
   b. crita jaman biyen sing tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat kanthi turun-tumurun digethok tularake lumantar tulisan.
   c. crita jaman saiki sing tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat kanthi turun-tumurun digethok tularake lumantar lesan.
   d. crita jaman biyen sing tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat kanthi turun-tumurun digethok tularake lumantar lesan.

6. Crita rakyat sing kondhang yaiku... .
   a. Angling Darma, Calon Arang, Andhe-andhe Lumut
   b. Jaka Seger Sawise Adus, Jaka lara Budhug, Putri Kuning
   c. Asal-Usul Lumpur Lapindo, Asal-Usul Pasir, Lunga Surabaya
   d. Asal-usul lawa ing Guwa Ngerong, Asline Angling Darma

7. Crita rakyat Roro Kuning yaiku crita saka dhaerah....
   a. Tuban
   b. Surabaya
   c. Nganjuk
   d. Kediri

8. Underane crita uga diarani ....
   a. latar
   b. wejangan
   c. tema
   d. alur

9. Kang ora kalebu paragane crita rakyat Roro Kuning yaiku....
   a. Dewi Galuh Ajeng
   b. Dewi Kilisuci
   c. Prabu Erlangga
   d. Angling Darma

10. Nalika nindakake ayahan crita ing ngarep kelas, bocah-bocah kudu ... .
    a. nggunakakake tembung sing gampang dimangerteni.
    b. ngobahake tangan lan awak supaya ora gampang kesel.
    c. ngarahna panyawang marang penonton sing ana ngarep.
    d. njumbuhake praupan karo perabotan sing digunakake.

II. Rampungna garapan ing ngisor iki kaya prentahe!

1. Wenehana tuladha tumidak sing nuduhake pakerti perduli marang lingkungan!
2. Aranana titikane crita rakyat!
3. Sebutna unsur intrinsike crita rakyat!
4. Sebutake piwulang utawa ajaran moral sing ana ing crita rakyat!
5. Tulisen kanthi ringkes, crita rakyat sing ana ing dhaerahmu!

WULANGAN 4

SREGEP MAKARYA

KOMPETENSI DASAR

3.1. Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi jenis teks narasi dan deskripsi.

INDIKATOR

3.1.1. Mengidentifikasi ciri-ciri teks narasi.

3.1.2. Mengidentifikasi ciri-ciri teks deskripsi.

3.1.3. Membedakan teks narasi dengan deskripsi.

KOMPETENSI DASAR

4.1 Menulis jenis teks narasi dan deskripsi

INDIKATOR

4.1.1. Menulis teks narasi sederhana sesuai tema.

4.1.2. Menulis teks deskripsi sesuai tema.

4.1.3 Membacakan teks

Sawise sinau wulangan 4 iki, para siswa kaajab bisa: niteni titikane teks narasi lan dheskripsi, lan uga bisa nuduhake bedane teks narasi karo dheskripsi. Sabanjure, para siswa uga kaajab bisa nulis teks narasi lan dheskripsi jumbuh karo tema.

Mbabar Wawasan

Amarga rasa welas asihing Gusti Allah marang manungsa, mula Panjenengane wis nyiptakake bumi pertiwi sing subur, rajakaya, lan sato iwen kanggo karaharjaning manungsa. Bumi kang loh jinawi bakal bisa dadi makmure jalma manungsa kabeh yen diolah kanthi tlaten. Mula, kabeh kudu sregep makarya (nyambut gawe) kanggo nyukupi sandhang pangane. Ora oleh mung sendhakep wae utawa mung lungguh sendheku ndedonga ngadhep Gusti nyuwun kamurahan lan welas asih. Kesed makarya lan mung nyuwun agunge sih Gusti, padha karo ngenteni thukule jamur ing mangsa ketiga.

Sepira subure palemahan lan pasiten, yen ora digarap kanthi becik ora bakal menehi pangan. Sepira cengkare pategalan lan kebon yen digarap kanthi bener lan becik bakal dadi makmure sing nggarap. Abot entheng, angel gampang kabeh kudu nyambut gawe. Dene yen baune ora bisa kanggo nyandhak pacul lan garu, utawa nggawa prau lan jala kanggo golek iwak, pawongan sing mangkono iku bisa makarya kanthi dadi pedagang, penjait, utawa usaha ekonomi kreatif liyane.


Wiwit saiki para siswa kudu wis duwe gegayuhan (cita-cita) suk yen gedhe kepengin dadi apa? Kepengin dadi guru, tentara, petani sukses, pegawai negeri, apa pengusaha? Kabeh padha apike. Sing penting, sregep makarya kanthi ora nabrak angger-angger, lan ora gawe cuwane wong liya bakal oleh asil sing nyata, halal, lan barokah. Kajaba makarya, aja nganti lali tansah ndonga marang Gusti kang Maha Welas Asih.


Gambar:
www.kompasiana.com


Gambar:
berita.suaramerdeka.com


Gambar:
bsukses.com


Gambar:
muslimahdaily.com


Gambar:
www.agrofarm.co.id


Gambar:
wahfakta.blogspot.com

Sawise maca andharan lan nggatekake gambar ing dhuwur, mesthine banjur tuwuh pitakon:


1. Gambar pawongan ing dhuwur nuduhake pakaryan apa wae?
2. Jinis pakaryan apa sing asile gumantung marang kahanane alam?
3. Jinis pakaryan apa sing mbutuhake tenaga sing akeh lan kuwat?
4. Jinis pakaryan apa sing mbutuhake sekolah khusus?
5. Besuk yen wis gedhe kowe kepengin dadi apa?


Jenis pakaryan: Penari profesional.
Gambar: sinar-hitam.blogspot.

Para leluhur kita pancen wis kondhang minangka bebrayan sing tata, tatas, titi, titis yen makarya. Anggone makarya tansah temata samubarange, tuntas pakaryane, tliti prosese, lan pener sing dituju, mula asile tansah maremake tur migunani. Coba

gatekake Candhi Borobudhur, Prambanan, lan wangunan adi luhung liyane! Yen nonton wujude, wangunan iku mesthi diasilake dening para panguwasa, arsitek, tukang, lan kuli sing makarya kanthi tata, tatas, titi, lan titis.

Minangka masyarakat sing teratur, para leluhur uga wasis andum gawe miturut kapinteran lan kaprigelane. Tuladha jinis pagaweyan sing wis ana wiwit zaman biyen:



Gambar:melancongjogja.com

Kawruh sapala:

algojo	: yaiku tukang nindakake pidana pati
bakul	: wong sing gaweane dodolan
batur	: wong sing gaweane ngrewangi uwong
blandhong	: tukang negor kayu
buruh	: wong sing nyambut gawe kasar
cantrik	: abdine pandhita ngiras dadi muride
carik	: juru tulis ing kalurahan
dhalang	: wong sing gaweane nglakokake wayang
emban	: tukang momong bocah
empu	: tukang gawe keris
gerji	: tukang dondom klambi
guru	: wong sing gawene mulang
jagal	: tukang mbeleh rajakaya
juragan	: sudagar, lurahe pakaryan
juru dang	: tukang adang sega
juru kunci	: tukang ngrumat pasareyan
kemasan	: tukang gawe dandanan saka emas
kundhi	: tukang gawe grabah
kusir	: tukang nglakokake dhokar utawa kreta
mandhor	: tukang ngawasi buruh
merbot	: punggawa mesjid

Kawruh sapala:

molang : bakul rajakaya
niyaga : tukang nabuh gamelan
pakathik : tukang ngrumat jaran
pandhé : tukang gawe barang-barang saka wesi
panegar : tukang ngajari (nglatih) jaran
pangobèng : wong buruh mbathik
prajurit : wong sing gaweane bela negara
pujangga : ahli sastra, tukang ngarang
sarawèdi : tukang adol utawa nggosok barleyan inten
sayang : tukang gawe barang saka tembaga
sinoman : nom-noman tukang laden
srati : tukang ngrumat gajah
undhagi : tukang kayu

Pasinaon 1

Model Teks Pinilih: Teks Narasi lan Teks Deskripsi

Pasinaon 1 iki bocah-bocah arep sinau babagan teks narasi lan teks dheskripsi sing ana sambung rapete karo jinis pakaryan. Kanggo nggampangake sinau, jinis pakaryan sing dipilih minangka bahan piwulang yaiku loper koran. Loper koran mujudake jinis pakaryan sing pelakune rata-rata bocah cilik. Loper koran yaiku jinis pakaryan sing tugase ngeterake koran utawa majalah menyang omahe pelanggan.

Sajerone pasinaon iki bocah-bocah kaajak ngrampungake rong garapan. Garapan 1 maca lan niteni titikane teks narasi, dene garapan 2 maca lan niteni titikane teks dheskripsi.

Gladhen 1: Titikane Teks Narasi

Sadurunge maca lan niteni titikane teks narasi ing jinis pakaryan loper koran, wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Apa bocah-bocah wis tau krungu tembung narasi?
2. Apa bocah-bocah wis tau maca teks narasi?
3. Apa irah-irahan teks teks sing tau kokwaca?
4. gaweane Apa sing kokrasakake nalika maca teks narasi?
5. Apa gunane maca teks narasi?



Jenis pakaryan loper koran.
Gambar: fajarloper.blogspot.

Narasi, yaiku teks kang ngandharake lelakon utawa kedadeyan anut urutan wektu (kronologis), ana paraga, latar, lan alur. Bahane teks teks narasi bisa saka pengalaman uripe manungsa utawa saka asil rekadaya pikirane pengarang dhewe.



Ayo nulis teks narasi!
Gambar: ilmuwancilik.com

Wacanen teks iki lan tindakna ayahan sabanjure!

Loper Koran



Jujur bakal mujur
Gambar:abckisahku.blogs

Bubar sholat subuh, srengenge ing sisih wetan durung mlethek. Nanging, Haris bocah cilik protholan SD sing wis rong taun ditinggal tilar donya wong tuwane, wis katon nlusuri dalan lan gang-gang ngeterake koran marang pelanggane. Sepedha onthel tuwa sing wis ora ana slebore, digenjot alon merga sikile gaduk-gaduk tuna.

Tekan ngisor wit palem ing Komplek Perumda Bojonegoro, "Brak !!!" Haris tiba njungkel. Sepedhahe nabrak kothak cilik sing dibungkus kain ireng. Koran sing dijepit karet ing boncengane korat-karit. Karo mringis merga nahan lara, Haris nyedhaki bungkusan sing ditabrak mau.

"Apa ta iki?" Haris nggremeng jroning batin. Bungkusan dijupuk banjur diangkat. Saka njero bungkusan keprungu swara kemrincing.

"Ha...emas!!!" Tangane Haris nggregeli, awit lagi sepisan iki weruh mas-masan samono akehe.

"Banjur iki duweke sapa?" Haris clingukan, ing batine banjur thukul paperangan, "Dakgawa mulih, apa daklapurke pulisi?"

"Aku butuh dhuwit, yen mas-masan iki dakdol...jelas payu larang."

"Nanging iki dudu duwekku, najan mlarat aku emoh barang haram."

"Kapan maneh aku bisa sugih?"

"Gusti Allah tansah ngawasi, mengko aku bisa blai."

Pungkasane, ati putihe Haris sing menangake perang batin iku. Jam pitu esuk, Haris banjur lapur polisi ing pos jaga prapatan dalan. Pulisi sing nampa lapuran ngajak Haris menyang kantor karo nggawa barang bukti.

Jujur bakal mujur. Ing kantor polisi, Haris ketemu karo Pak Ahmad kontraktor sugih sing lagi lapur amarga kemalingan. Sawise takon-tinakon, akhire Pak Ahmad ngendika, "Kowe kudu nerusake sekolah, kabeh kabutuhanmu dadi tanggung jawabku, jalaran wiwit saiki kowe dakangkat dadi anakku! "

"Alhamdulilah, Haris ambruk ing sikile Pak Ahmad."

Kawruh sapala:

protholan : ora nutugake sekolah
tilar donya : mati, pejah, seda
ngregeli : ndhredheg, ngowel
korat-karit : morat-marit
njungkel : tiba sirahe dhisik
nlusuri : nlesih, nggoleki
gaduk-gaduk tuna: sikile ora pati tekan

Sawise maca teks kanthi irah-irahan "Bakul Koran" ing dhuwur kanthi premati, saiki wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa teks ing dhuwur nyritakake lelakone urip?
2. Apa teks ing dhuwur ngandharake crita miturut urutane wektu kedadean?
3. Apa teks ing dhuwur ana paraga lan watake!
4. Apa teks ing dhuwur ana *setting* (wektu, papan, sosial) dumadine crita?
5. Apa teks ing dhuwur ana paperangan utawa konflike!

Yen pitakon ing dhuwur wangsulane iya utawa ana, ateges teks ing dhuwur kalebu teks narasi. Jalaran pitakon ing dhuwur mujudake pitakonan sing wangsulane nuduhake titikane teks narasi.

Jangkepana tabel ngisor iki!

No.	Titikan	Katrangan
1	Ngandharake/nyritakake	
2	Urutane	
3	Paraga lan watake	
4	Papan, wektu, swasana	
5	Konflike	

Gladhen 2: Titikane Teks Dheskripsi

Sadurunge maca niteni titikane teks dheskripsi sing ana momotane jinis pakaryan loper koran, wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Apa bocah-bocah wis tau krungu tembung dheskripsi?
2. Apa bocah-bocah wis tau maca teks dheskripsi?
3. Apa irah-irahan teks dheskripsi sing tau kokwaca?
4. Apa sing kokrasakake nalika maca teks dheskripsi?
5. Apa gunane maca teks dheskripsi?

Teks dheskripsi yaiku tulisan sing gagasan pokoke diandharake kanthi cara nggambarake objek, panggonan, utawa kedadean nganti sing maca rumangsa kaya nyawang, ngrungokake, ngrasakake utawa ngalami dhewe objek sing digambarake panulis. Supaya luwih cetha, wacanen teks iki lan tindakna ayahan sabanjure!

PENGETAN DINA PRAMUKA



Dina iki Bima tangine rada esuk. Sawengi kaya wis impen-impenen. Esuk iki Bima sakancane arep melu upacara pengetan dina pramuka kang kaping 55 taun. Bubar upacara tanggal 14 Agustus Bima lan bocah-bocah pramuka siaga liyane melu pesta siaga. Ing pesta siaga ana maneka warna kegiyatan. Kegiyatane adu kaluwihan. Adu kaluwihane yaiku: nyambung tongkat, egrang

bathok, ngumbulake layangan, hasta karya, ngucapake dwi darma lan dwi satya, lan sapanunggalane.

Bima melu adu ngumbulake layangan. Layangane Bima wangune kaya kupu. Swiwine digambari kembang rupa abang, wungu, lan ijo. Sirahe dirupa ireng ana galer-galere coklat. Buntutane nglewer dawa diwerna putih belang ireng. Layangane Bima wis suwe mumbul gleyang-gleyong ing akasa. Yen disawang kaya ula nyunggi kupu-kupu. Sing ndeleng padha keplok-keplok. Pengetan dina pramuka tahun iki katon rame lan nyenengake.

1. Apa teks ing dhuwur nggambarake sawijining objek sing nyata (dudu perkara ghaib)?
2. Apa kang diandharake teks wacan ing dhuwur?
3. Kanthi maca teks ing dhuwur, apa bocah-bocah bisa ngrasakake kaya ngalami dhewe utawa kaya nyawang dhewe?
4. Apa teks ing dhuwur nuduhake kahanan kanthi rinci?

Yen pitakon ing dhuwur wangsulane iya utawa bisa, ateges teks ing dhuwur kalebu teks dheskripsi. Jalaran pitakon ing dhuwur mujudake pitakonan sing wangsulane nuduhake titikane teks dheskripsi.

Jangkepana tabel ngisor iki!

No.	Titikan	Katrangan
1	Kang diandharake	
2	Bagean kang dirinci	
3	Paraga	
4	lan kahanane	

Pasinaon 2

Makarya bebarengan Mbandhingake Teks Narasi lan Dheskripsi



Lila legawa padha makarya.
Gambar: sdntgswetan1.blogspot.co.id

Sawise maca, mahami, lan bisa niteni titikane teks narasi lan dheskripsi, ana ing pasinaon 2 para siswa bakal kaajak makarya kanthi gayeng rembugan karo kanca ing klompok. Para siswa, kaajab bisa mbandhingake banjur nemokake bedane teks narasi karo teks dheskripsi.

Supaya bisa mangreti bedane teks narasi karo teks dheskripsi, tabel ing ngisor jingglengana!

No.	Bab Sing Mbedakake	Teks Narasi	Teks Dheskripsi
1	Isi	nyritakake urutane kedadean	nggambarake kahanane objek kanthi rinci
2	Setting/ Latar	wektu, panggonan, lan kahanan sosial bisa ganti utawa ngalami owah-owahan	mung nggambarake kahanane objek ing siji
3	Pilihan tembung/	nggunakake tembung/ ukara sing biasa	nggunakake tembung/ ukara sing bisa

	ukara	digunakake ing saben dina	nggugah rasa utawa narik kawigaten
4	Konflik/ Pasulayan	ana konflik/pasulayan/ perang sing bisa ndadekake owah-owahan nasibe paraga	ora ana pasulayan, mula ora ana owah-owahan nasib

Kanggo nambahi pangertene bedane teks narasi karo dheskripsi, dhiskusia karo kancamu saklompok kanggo mangsuli pitakon ing ngisor iki!

1. Isine teks narasi ing teks dhuwur nyritakake proses kedadean wiwitan nganti
   ....
2. Isine teks dheskripsi ing teks dhuwur nggambarake kahanane Bima sing
   ....
3. Latar wektu sing ana ing teks narasi ngalami owah-owahan yaiku:
   a. wektu Haris budhal ....
   b. wektu Haris lapur polisi ....
4. Teks dheskripsi mung nggambarake kahanan ing siji wektu yaiku
   ....
5. Latar panggonan sing ana ing teks narasi ngalami owah-owahan yaiku:
   c. panggonan Haris tiba ....
   d. panggonan Haris lapur polisi ....
6. Teks dheskripsi mung nggambarake kahanan ing siji panggonan yaiku Bima pas
   ....
7. Teks narasi nggunakake tembung / ukara sing lumrah digunakake ing saben dina, tuladhane yaiku
   .... lan ....
8. Tuladha tembung/ukara sing digunakake kanggo narik kawigaten ing teks deskripsi yaiku ...., ..., lan ....

9. Sajerone teks narasi Haris ngalami perang/konflik batin, yaiku ....

10. Sajerone teks dheskripsi ora ana konflik/pasulayan/perang, mula ....

Pasinaon 3

Makarya Kanthi Mandhiri Nyusun Teks Narasi lan Dheskripsi

Kanggo ngundhakake kawruh lan kaprigelan para siswa babagan teks narasi lan dheskripsi, ing pasinaon 3 para siswa bakal kaajak ngayahi pakaryan mandhiri, yaiku nyusun teks narasi lan dheskripsi sing ana sambung rapete karo jinis pakaryan.

Gladhen 1 : Nyusun Teks Narasi I



Gambar:lesprivatbsm.com

Teks narasi kasusun kanthi migunakake "rumus" 5 W + 1 H, yaiku : 1) *what* 'apa', 2) *where*, 'ing ngendi', 3) *when* 'kapan', 4) *who* 'sapa', 5) *why* 'ngapa/kena apa', lan 6). *how* 'kepriye'.

Saiki para siswa ayo padha ngarang narasi kanthi nurut marang langkah-langkah ing ngisor iki!

1. Wangsulana pitakon iki!
   a. Apa tema (gagasan pokok) sing arep kokcritakake?
      Tuladha: lelakone tukang loper koran, critane pasukan kuning, utawa riwayate petani sukses, lan sapanunggalane.
   b. Ing ngendi papan dumadine crita?
   c. Kapan prastawa iku kedadean?

d. Sapa paraga critane, jangkepana karo watake?
   Tuladha : - Haris watake sregep nyambut gawe lan jujur
   - Pak Ahmad watake sabar lan loman
e. Nyapa (kena apa) prastawa iku bisa dumadi?
   Tuladha: - Haris dadi loper koran jalaran ditinggal tilar donya wong tuwane.
   - Haris diangkat anak jalaran jujur mbalekake barang sing ditemu.
f. Kepriye crita iku koandharake?
   Tuladha: Crita iku diandharake kanthi urut wektu kedadeane.

2. Rancang kedadean-kedadean penting sing arep kokcritakake kanthi wujud skema alur. Tuladha:

Haris budhal nyambut gawe.




Haris tiba nemu bungkusan emas.



Haris lapur polisi banjur oleh bebungah.

3. Rincinen kedadean-kedadean penting dadi kedadean-kedadean cilik. Tuladha:



5. Mekarake dadi teks narasi sawutuhe, gatekna ejaan lan tata tulise!
6. Edit teksmu, temokna kekurangane banjur dandanana supaya luwih apik!

Gladhen 2 : Nyusun Teks Dheskripsi



Gambar: inspirasishalihah.blogspot.

Saliyane bisa ngarang narasi, becike para siswa uga bisa ngarang dheskipsi. Gampang kok, pokoke angger gelem sabar, tlaten, lan sregep gladhen para siswa mesthi bisa.

Supaya enggal bisa nulis teks dheskripsi, saiki tindakna ayahan iki!

1. Pilihen objek sing migunani, wigati, lan bisa ndudut ati!
   Tuladha: tukang loper koran, anggota pasukan kuning, utawa petani sukses, kegiyatan pramuka, lan sapanunggalane.
2. Tepungake objek sing kok dheskripsekake, kanthi ukara pambuka sing mentes lan pantes.
   Tuladha:
   Dina iki Bima tangine rada esuk. Sawengi kaya wis impen-impenen.
3. Sangkuten pancadriya (pandeleng/mripat, pangambu/irung, panggrayang/kulit, panyecep/ilat, lan pangrungu/kuping). Utamakake pancadriya pandeleng, awit pandeleng mujudake piranti ngrasakake sing paling dominan. Tulisen ukara sing nggambarake kahanan sing bisa karasakake kanthi dideleng!
   Tuladha:
   Bima melu adu ngumbulake layangan. Layangane Bima wangune kaya kupu. Swiwine digambari kembang rupa abang, wungu, lan ijo. Sirahe dirupa ireng ana galer-galere coklat. Buntutane nglewer dawa diwerna putih belang ireng. Layangane Bima wis suwe mumbul gleyang-gleyong ing angkasa.

4. Dheskripsekna pangrasane paraga utama marang kahanan sing ana lan dumadi!
   Tuladha:
   Yen disawang kaya ula nyunggi kupu-kupu. Sing ndeleng padha keplok-keplok. Pengetan dina pramuka tahun iki katon rame lan nyenengake.
5. Gunakake pepindhan (persamaan/perbandhingan) kanggo nguripake gambaran.
   Tuladha:
   Layangane Bima wis suwe mumbul gleyang-gleyong ing angkasa. Yen disawang kaya ula nyunggi kupu-kupu.

GLADHEN WULANGAN 4

I. Pitakon ing ngisor iki wangsulana sing patitis, kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Kesed makarya lan mung nyuwun agunge sih Gusti, pada karo ...
   a. ngenteni udan terang banjur ngiyup
   b. ngenteni thukule jamur ing mangsa ketiga
   c. ngenteni bakul jamur liwat ngarep omah
   d. ngobati jamur kulit nganggo macem-macem obat

2. Para leluhur kita pancen wis kondhang yen makarya tansah ... .
   a. tata, tatas, titi, lan titis
   b. takon, tekun, teken, tekan
   c. gemi lan nastiti
   d. guyub rukun ora cecongkrahan

3. Narasi, yaiku ... .
   a. teks kang ngandharake lelakon utawa kedadean anut urutan wektu (kronologis)
   b. pengalaman uripe manungsa utawa saka asil rekadaya pikirane pengarang dhewe
   c. teks kang ngandharake asil panaliten utawa asil pamawas marang sawijining kahanan
   d. pengalaman manungsa ngadhepi pacobaning urip saka Kang Maha Kawasa

4. Tulisan sing gagasan pokoke diandharake kanthi cara nggambarake objek, panggonan, utawa kedadean nganti sing maca rumangsa kaya nyawang utawa ngalami dhewe objek sing digambarake panulis, diarani ... .
   a. narasi
   b. deskripsi

c. argumentasi
d. eksposisi

5. Pilihan tembung ing teks deskripsi ...
   a. nggambarake konflik / perang sing bisa ndadekake owah-owahan nasibe paraga.
   b. mung nggambarake kahanane objek ing siji wektu, panggonan, lan sosial.
   c. migunakake tembung/ukara sing biasa digunakake ing saben dina.
   d. migunakake tembung/ukara sing bisa nggugah rasa utawa narik kawigaten.

6. Teks narasi isine ... .
   a. nyritakake proses kedadeyan
   b. nyritakake kahanane objek
   c. nggambarake kahanane objek
   d. nggambarake proses kedadean

7. Langkah sepisanan nalika ngarang narasi yaiku ... .
   a. nemtokake alur
   b. nemtokake paraga
   c. nemtokake setting
   d. nemtokake tema

8. Langkah sepisanan nalika ngarang dheskripsi yaiku ... .
   a. milih objek sing migunani, wigati, lan bisa ndudut ati
   b. nepungake objek sing arep didheskripsekna
   c. nyangkut pancadriya, utamakake pancadriya pandeleng
   d. ndheskripsekna perasaane paraga utama

9. Bahane teks narasi bisa saka ... .
   a. pengalaman uripe manungsa utawa saka asil rekadaya pikirane pengarang dhewe.
   b. asile panaliten sing dianakake dening para ahli lan pengalaman uripe manungsa.

c. asil rekadaya pikirane pengarang dhewe lan asile panaliten sing dianakake dening para ahli.
d. asile panaliten sing dianakake dening para ahli lan saka kabar ing ariwarti utawa kalawarti.

10. Gunane pepindhan (persamaan/perbandhingan) ing teks deskripsi yaiku ... .
    a. supaya katon endah
    b. supaya katon akeh
    c. kanggo nambahi teks
    d. kanggo nguripake gambaran.

II. Jodhokna jinis pakaryan ing kolom sisih kiwa karo tegese ing kolom sisih tengen, kanthi nulis aksara ing papan kang sumadya!

No.	Tembung	Aksara	Tegese
1	algojo (...)	A	abdine pandhita ngiras dadi muride
2	blantik (...)	B	nom-noman tukang laden
3	cantrik (...)	C	punggawa masjid
4	dhalang (...)	D	wong sing gaweane bela negara
5	juru kunci (...)	E	tukang ngrumat jaran
6	kusir (...)	F	wong sing gaweane nglakokake wayang
7	pakathik (...)	G	yaiku tukang nindakake pidana pati
8	prajurit (...)	H	tukang ngrumat pasareyan
9	merbot (...)	I	tukang nglakokake dhokar utawa kreta
10	sinoman (...)	J	bakul kewan rajakaya

III. Wangsulana kanthi patitis!

1. Nyapa manungsa kok kudu makarya?
2. Terangna kepriye pakertine para leluhur jroning makarya!
3. Sebutna titikane teks narasi!
4. Sebutna titikane teks dheskripsi!
5. Tulisen teks dheskripsi, kanthi milih tema salah sawijining pakaryan ing ngisor iki:
   a. guru   b. dokter   c. lurah

WULANGAN 5

ENDAHE NAGRIKU

KOMPETENSI DASAR

3.5 Mengenal dan memahami teks *tembang dolanan*

INDIKATOR

3.5.1 Menyebutkan contoh *tembang dolanan*.
3.5.2 Menjelaskan ciri-ciri *tembang dolanan*.
3.5.3 Menjelaskan isi *tembang dolanan*.

KOMPETENSI DASAR

4.5 Melagukan dan mengapresiasi *tembang dolanan*.

INDIKATOR

4.5.1 Melagukan *tembang dolanan* sesuai dengan titilaras
4.5.2 Memparafrasekan *tembang dolanan*
4.5.3 Bermain sesuai *tembang dolanan* yang dilagukan.

Mbabar wawasan

1. Gambar ing ngisor iki setitekna!



Kebun kembang Batu



pantai Klayar Pacitan

Gambar ing dhuwur endah banget sinawang. Iku bukti yen nagari Indonesia endah banget alame. Kaendahane Indonesia ora mung alame, nanging uga kaluhuran budi pakertine, kabudayane, kasusastrane, lan keseniane.

Kaendahan mau dadi kasugihan sing ora ana tandhinge. Kaendahan kasebut kudu dijaga supaya lestari. Gambar ing ngisor iki tuladhane endahe seni lan budaya rupa dolanan karo nembang tembang dolanan.









Ing wulangan iki bocah-bocah bakal nyinau salah siji wujud kesenian sing wajib dilestarekake, yaiku tembang dolanan. Karepe supaya bocah-bocah bisa nyebutake tuladhane, cirine, lan isine tembang dolanan. Sabanjure bocah-bocah kaajak nembang bebarengan, nyritakake isine sarta maragakake dolanane. Nalika nyritakake bisa wae bocah-bocah sarana nulis aksara Jawa kanthi prasaja. Isine tembang dolanan saliyane geguyonan nalika lagi dolanan, uga isi pitutur luhur lan gegambaran endahe nagri Indonesia.

Sapa sing nate krungu tembang dolanan? Yen nate krungu sebutna judhule utawa syaire!

Pasinaon 1


Model Teks Pinilih : Endahe Nagriku

Wacanen kang titi, tembang lan katrangane, banjur wangsulana pitakone!

PIKNIK

Rini lan Bima diajak bapak ibune piknik. Piknike menyang Batu. Ing Batu akeh papan wisata. Tujuane piknik menyang Selecta. Tekan Selecta Bima njujug wahana permainan. Rini njujug taman kembang.

Bima seneng dolanan prosotan lan loncat indah ing kolam. Banyune kolam resik lan bening, nanging adhem banget.




Rini seneng banget, amarga ing taman kembang bisa nyawang kembang maneka warna. Sing luwih nyenengake maneh akeh kupu miber-miber lan menclok ing kembang-kembang. Rini kepengin banget ngincup kupu. Mlayu ngetan mlayu ngulon ngetutake kupu karo nembang "Kupu Kuwi"

Ayo saiki bebarengan nembang!

KUPU KUWI

Kupu iku dak incupe
Mung aburmu ngewuhake
Ngalor ngidul ngetan bali ngulon
Mrana-mrene mung saparan-paran
Sapa bisa ngincupake
Mentas menclok cegreg
Nuli mabur bleber.



Kawruh Sapala

incup	: nyekel kupu nganggo tangan
ngewuhake	: angel banget
mentas	: lagi bae
njujug	: nuju
wisata	: piknik, dolan
wahana	: papan, panggonan
taman	: papan tartamtu
bleber	: mabur cepat

Gladhen 1: Nyebutake Tuladhane Tembang Dolanan

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa judhule wacan ing dhuwur ?
2. Rini diajak piknik menyang ngendi?
3. Papan ngendi sing dadi tujuane piknik?
4. Apa judhule tembang sing ditembangake Rini?
5. Sebutna judhule tembang dolanan liyane loro bae!

Tembang Dolanan

Tembang dolanan yaiku salah sijine tembang sing lumrahe ditembangake bocah-bocah nalika dolanan. Ing jaman biyen bocah-bocah padha dolanan ing latar ora mung ing wayah awan lan sore, nanging uga wayah wengi nalika padhang rembulan.

Titikan utawa ciri-cirine tembang dolanan, basane prasaja lan gampang dingerteni, cengkoke prasaja, jumlah barise (gatrane) uga winates, bias ditembangake sinambi dolanan utawa jejogedan, lan isine bab sing salaras karo kahanane bocah. Tuladhane kaya tembang dolanan ngisor iki.

Jamuran

Jamuran ya gegethok
Jamur apa ya gegethok
Jamur gajih brejijih saara-ara
Sira badhe jamur apa?

Basane tembang "Jamuran" gampang dingerteni, lagune uga gampang diapalake bbocah-bocah.

Tujuan utama isine tembang dolanan yaiku ajaran nilai budi pekerti. Nilai budi pekerti bab rasa kormat, welas asih, gotong royong, tulung-tinulung, lan liya-liyane.

Bulan Gedhe

Bulan-bulan gedhe
Ana **santri menek jambe**
Ceblokna salining wae
Mumpung jembar kalangane
Mumpung gedhe rembulane
Suraka surak hiyo
(http://raraedelweiss16.blogspot.co.id/2015/03/lirik-lagu-tembang-dolanan-bulan-gedhe.html)

Tembung kang kacithak kandel ing tembang wis paring katrangan ngenani nilai budi pakerti. Tuladhane **santri** nuduhake bocah sing lagi nyantri tegese lagi sinau ing bab ilmu agama lan ilmu liyane. Karepe saben bocah kudu sregep sinau agama lan ilmu liyane.

Ceblokna tembung pakon sing bisa nuduhake supaya gelem weh-weh marang wong liya wujud saka tresna asih mring sasama, **mumpung jembar kalangane,** mumpung isih ana wektu lan diparingi rejeki.



http://www.alkhoirot.com

Gladhen 2 : Titikane Tembang Dolanan

Sawise maca katrangan lan tembang ing dhuwur wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1) Tembang dolanan lumrahe ditembangake nalika bocah-bocah lagi ngapa?
2) Sebutna ciri utawa titikane tembang dolanan!
3) Apa utamane isine tembang dolanan?
4) Ana pirang baris tembang "Jamuran"?
5) Tulisen baris ke-loro tembang "Bulan Gedhe"

Pasinaon 2:
Makarya Bebarengan

Wacanen lan semaken bebarengan karo klompokmu wacan lan tembang dolanan ing ngisor iki, banjur wangsulana pitakon ing ngisore!

JUM'AT BERSIH

Rini lan Bima setengah enem wis nganggo sragam olah raga. Kabeh keperluan sekolah wis dilebokne tas. Ora lali Rini nggawa serbet lan kain pel. Bima nggawa arit amarga saben dina Jum'at ing sekolahane ana kegiatan *Jum'at Bersih.*

Kegiatan *Jum'at Bersih* ora mung resik-resik, nanging uga olah raga yaiku senam bebarengan. Mulane Rini lan Bima budhale sekolah luwih esuk, amarga jam enem wis kudu tekan sekolahan. Budhale bebarengan, Rini digoncengne Bima. Tujuane *Jum'at Bersih* saliyane bersih lingkungane sekolah, uga diajab ndadekake resik jiwa lan ragane kanthi olah raga ajeg.

Sarampunge senam leren sedhela, banjur bocah-bocah tanpa dikomandho maneh wiwit resik-resik kelas lan sakiwa tengene. Semono uga bapak ibu guru.

Olah raga lan reresik lingkungan kelas lan sekolah ditindakake lan ditandangi bebarengan kabeh warga sekolah. Pagawean apa bae yen ditandangi bebarengan kanthi guyup rukun, tulung tinulung, ikhlas, kabeh krasa entheng lan gampang, kaya nilai-nilai budi pekerti sing ana ing isine tembang ngisor iki.

Ayo saiki nirokne Ibu utawa Bapak Guru nembang tembang iki!

Gugur Gunung

Ayo kanca ayo kanca ngayahi karyaning praja,
Kono-kene kono-kene gugur gunung tandang gawe,
Sayuk sayuk rukun bebarengan ro kancane,
Lila lan legawa kanggo mulyaning negara.
Siji loro telu papat maju papat-papat,
Diulung-ulungake murih enggal rampunge,
Holopis kuntul baris holopis kuntul baris,
Holopis kuntul baris holopis kuntul baris.

Kawruh Sapala:

lingkungan	: wewengkon, tlatah
ajeg	: mesthi
sarampunge	: sapungkase, sapurnane
rampung	: pungkas, mari, purna
guyub	: rukun
entheng	: gampang
ngayahi	: nindakake, nglakoni
karyaning	: pegawean
praja	: nagara
holopis kuntul baris	: nyambut gawe bebarengan

Gladhen 1: Njlentrehake Isine Tembang Dolanan

Tembang ing ngisor iki jelasna isine kaya tuladha ing wacan dhuwur, kanthi mangsuli pitakon-pitakon ing ngisore!

Jaranan

jaranan-jaranan, jarane jaran teji,
sing numpak ndara Bei,
sing ngiring para mantri,
jeg jeg nong, jeg jeg gung,
prok prok turut lurung,
gedebug krincing gedebug krincing,
prok prok gedebug jedher.

1. Sapa sing numpak jaran?
2. Jaran apa sing tumpaki?
3. Sapa sing ngiring ndara Bei?
4. Ana ngendi ndara Bei numpak jaran?
5. Nilai budi pekerti apa sing bisa dijupuk saka tembang "Jaranan"?

Gladhen2: Nembang Bebarengan

Ayo nembang tembang ing ngisor iki kanthi titi laras sing bener!

a. Gundhul Pacul

Gundul Pacul

cipt. R.C. Hardjosubroto

. 1 3 1 3 4 5 5 0 . 7 1 7 1 7 5
gun- dul gun- dul pa- cul cul gem - be - le - ngan

. 1 3 1 3 4 5 5 0 . 7 1 7 1 7 5
nyunggi nyunggi wa-kul kul gem - be - le - ngan

. 1 3 5 4 4 5 4 3 1 4 3 1
wa - kul glim -pang se- ga- ne da- di sa- ra - tan

. 1 3 5 4 4 5 4 3 1 4 3 1
wa - kul glim -pang se- ga- ne da- di sa- ra - tan

b. Ilir-ilir

ILIR - ILIR

Pelog Pathet Barang

| . . . 6 6 6 | 7 2 3 2 7 6 5 7 | 6'

I lir i lir tan du re wis su mi lir
Bo cah a ngon pe nek na Blimbing ku wi
Do dot i ra ku mi tir bedhahing ping gir

| 3 3 3 3 5 7 | 6' 5 3 6 5 3 7 3 | 2 :|

tak i jo ro yo ro yo tak seng guh pe ngan ten a anyar
lu nyu lu nyu pe nek en kang go ma suh do dot i ra
dom ma na jlu mat a na kang go se bo meng ko so re

| . . 0 6 6 6 | 7 2 3 2 3 2 7 6 5 7 | 6' 3

pum pung ge dhe pumpung ge dhe rem bu lan e pum

| 3 3 3 3' 5 7 | 6 5' 3 6 5 3 2 3 | 2

pung jem bar ka lang a ne su rak a su rak i ya

Gladhen 3: Maragakake Tembang Dolanan

1. Bocah-bocah gatekna tuladha saka bapak utawa ibu guru carane maragake tembang.
2. Bocah-bocah lanang nembang "Gundhul Pacul", bocah-bocah wadon nembangake "Ilir-ilir".
3. Bebarengan karo kelompokmu latihan ana ngomah, minggu ngarep maragakake lan nembang dolanan ing ngarep kelas.
4. Anggone maragakake salaras karo kreasimu dhewe, ora kudu persis kaya tuladha saka bapak utawa ibu guru.

Pasinaon 3:
Makarya Mandhiri

Nggancarake Tembang Dolanan

Nggancarake tembang maksude yaiku tembang diowahi dadi gancaran wujud ukara-ukara ing paragrap-paragrap. Carane nggancarake tembang bisa kanthi nambahi tembung panggandheng, tembung katrangan, lan tembung liyane utawa ngurangi tembung sing ora perlu supaya isine tembang kasebut tambah jelas. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

jaranan-jaranan, jarane jaran teji,
sing numpak ndara Bei,
sing ngiring para mantri,
jeg jeg nong, jeg jeg gung,
prok prok turut lurung,
gedebug krincing gedebug krincing,
prok prok gedebug jedher.

Gancarane tembang:
Ana wong padha numpak jaran, jaran sing ditumpaki jaran teji. Sing numpaki jaran teji ndara bei, diiringi para mantri. Swarane gamelan sing ngiringi jeg-jeg nong, jeg-jeg gung, swara sikile jaran gedebug-gedebug barengan karo swarane krincingan ing gulu lan sikile jaran kumrincing lan swarane pecut pating jedher, semono uga sepatune para mantri nalika mlaku prok-prok, mlaku ing saurute lurung.

Gladhen 1: Marafrase Tembang Dolanan

1. Semaken tembang ing ngisor iki!
   Gundhul-gundhul pacul gembelengan,
   Nyunggi-nyunggi wakul kul gembelengan,
   Wakul ngglempang segane dadi saratan.

2. Isinen titik-titik ing ngisor iki salaras karo tembang ing dhuwur!

Wonten lare jaler sirahipun ...., dasar lare nakal tansah ...., nalika nyunggi ...., piyambakipun tetep ......, wusana wakulipun ...., sekulipun morat-marit dados ......

3. Tulisen nganggo aksara Jawa!
Nyunggi-nyunggi wakul kul gembelengan
....

4. Goleka siji bae tembang dolanan, gancarna kaya tuladha ing dhuwur

Gladhen 2: Nembang Dolanan

1. Miliha salah siji tembang dolanan sing wis tau koktembangne bebarengan karo guru lan kancamu, utawa tembang dolanan liyane sing kokapali lan koksenengi!
2. Tembangna tembang pilihanmu ing ngarep kelas!

GLADHEN WULANGAN 5

A. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Kaendahane nagari Indonesia ora mung alame, nanging uga ing kabudayan, lan kesenian. Salah siji tuladha kaendahane seni lan salaras karo bocah-bocah sing seneng dolanan yaiku ....
   a. tembang campursari
   b. tembang macapat
   c. tembang dolanan
   d. tembang lagam

2. Tujuan utama lan isine tembang dolanan sejatine kanggo menehi piwulang marang bocah-bocah ngenani....
   a. ilmu pengetahuan
   b. Olah raga
   c. ketrampilan
   d. budi pakerti

3. salah siji cirine tembang dolanan yaiku....
   a. ukarane cekak lan prasaja
   b. ukarane endah lan angel
   c. ukarane dawa-dawa
   d. cengkok utawa lagune angel

Wacanen kanggo mangsuli pitakon no 4 nganti 8

Lumbung Desa

Lumbung desa pra tani padha makarya
Ayo dhi, njupuk pari nata lesung nyandhak alu
Ayo yu, padha nutu yen wis rampung nuli adang
Ayo kang, dha tumandang yen wus mateng nuli madhang

4. Tembang ing ndhuwur judule ....
   a. Para tani

b. Lumbung Desa
c. Swara lesung
d. Nutu pari

5. Tembang ing ndhuwur dumadi saka .... baris.
   a. 2
   b. 3
   c. 4
   d. 5

6. Piranti kanggo ngolah pari dadi beras ing tembang dhuwur yaiku...
   a. mesin selep
   b. mesin giling
   c. lesung lan alu
   d. lumpang watu

7. " Yen wus mateng nuli madhang", tembung madhang basa karma aluse....
   a. mangan
   b. nedha
   c. nedhi
   d. dhahar

8. " Pra tani padha makarya" yen ditulis nganggo aksara Jawa sing bener yaiku ....
   a. ꦥꦿ ꦠꦤꦶ ꦥꦝ ꦩꦏꦂꦪ
   b. ꦥꦫ ꦠꦤꦶ ꦥꦝ ꦩꦏꦂꦪ
   c. ꦥꦿ ꦠꦤꦶꦥꦶ ꦥꦝ ꦩꦏꦫꦪ
   d. ꦥꦫ ꦠꦤꦥꦝꦩꦥꦏꦫꦪ

9. Inti saka isine tembang ing dhuwur yaiku yen kepingin keturutan karepe yaiku mangan ....
   a. kudu nyambut gawe.
   b. njaluk wong wae
   c. njagane wong tuwa
   d. tuku ing warung

10. Nilai budi pekerti saka tembang ing dhuwur sing bisa dijupuk yaiku...
   a. gotong royong
   b. jujur
   c. mandiri
   d. kurmat kinurmatan

B. Garapen kaya prentahe!

1. Sebutna loro bae judhule tembang dolanan!
2. Sebutna tujuan utama lan isine tembang dolanan?
3. Sebutna ciri-cirine tembang dolanan!
4. Ukara iki owahana dadi basa krama alus!
   "yen wus mateng nuli madhang"
   ………………………………………………………………………..
5. Ukara iki tulisen nganggo aksara Jawa!
   " nata lesung karo alu"

WULANGAN 6
GEGAYUHANKU

Kompetensi Dasar :

3.6 Mengenal dan memahami *sandhangan* aksara Jawa.

Indikator :

3.6.1 Mengidentifikasi bentuk *sandhangan* aksara Jawa.

3.6.2 Menjelaskan penggunaan *sandhangan* Jawauntuk penulisan kata.

3.6.3 Menjelaskan penggunaan *sandhangan* aksara Jawa untuk penulisan kalimat.

Kompetensi Dasar :

4.6 Menulis kalimat dengan huruf Latin dan huruf Jawa menggunakan *sandhangan* aksara Jawa.

Indikator :

4.6.1 Menulis kata menggunakan *sandhangan* aksara Jawa.

4.6.2 Menulis kalimat sederhana dengan menggunakan *sandhangan* aksara Jawa.

Sawise sinau wulangan 6 iki, bocah-bocah kaajab bisa: nulis panganggone sandhangan Aksara Jawa kanthi trep, bisa nerangake gunane sandhangan Aksara Jawa ing tembung utawa ing ukara, lan milah sarta mbedakake jenise sandhangan Aksara Jawa salaras karo kagiatan ing tema iki

Mbabar Wawasan

KODHOK NGOREK

Kodhok ngorek kodhok ngorek, ngorek pinggir kali
teyot teblung teyot teblung, teyot teyot teblung
Bocah pinter bocah pinter besuk dadi dokter
bocah bodho bocah bodho besuk kaya kebo

Setitekna cakepan tembang ing ndhuwur!
Tembangna bebarengan karo kancamu! Banjur wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa arane tembang ing dhuwur?
2. Kodhoke ngorek ana ngendi?
3. Piye unine kodhok ngorek?
4. Bocah pinter mbesuk dadi apa?
5. Bocah bodho kaya apa?

Pasinaon 1
Model Teks Pinilih

Teks Nganggo Aksara Jawa

Bocah-bocah ing wulangan sing disinaoni yaiku teks sing ditulis nganggo aksara Jawa lan panulisane sandhangan.
Ayo coba disemak wacan ing ngisor iki kanthi bimbingan gurumu!

[illegible]

[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi trep!

1. Apa irah-irahan teks ing dhuwur?

   ____

2. Rini kepingin dadi apa?

   ____

3. Bima kepingin dadi apa?

   ____

4. Salinen teks ing dhuwur nganggo aksara latin!

   ____
   ____
   ____
   ____
   ____

5. Wacanen maneh teks ing dhuwur! Banjur jangkepana ukara ing ngisor iki!

   a. ꦏ ꦏ ꦥ ꦢ ꦲ

   b. ꦲ ꦭ ꦮ ꦤ ꦮ ꦏ ꦏ ꦥ ꦲ

Andharan ing ngisor iki wacanen sing tliti! Banjur semaken kanthi bimbingan gurumu!

SANDHANGAN

Aksara Jawa sing cacahe ana 20 wis diterangake menawa awujud legena. Dene menawa supaya muni swara liyane, kudu diwenehi sandhangan. Sandhangan iku ana telung warna yaiku ***sandhangan swara, Sandhangan panyigeg wanda lan sandhangan wyanjana.*** Ayo padha digatekake andharan ngisor iki!

2. Sandhangan swara

Sandhangan swara cacahe ana lima yaiku singgo nulis swara ***i, u, è/é, ê*** *lan* ***o.***

Wujude sandhangan swara ing ngisor iki :

No	Jenenge	Wujude	Unine
1	Wulu	............ꦶ	I
2	Suku	.........ꦸ...	u
3	Pepet	............ꦼ	e
4	Taling	ꦺ..........	E
5	Taling Tarung	ꦺ......ꦴ	o

Tuladha :

Ibu guru = ꦆꦧꦸ ꦒꦸꦫꦸ

Mepe dhele = ꦩꦺꦥꦺ ꦝꦼꦭꦺ

Sega soto = ꦱꦼꦒ ꦱꦺꦴꦠꦺꦴ

Gladhen 1 : Nulis Sandhangan Swara

Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Rini tuku buku

___

2. Bima lagi sinau

___

3. Tokone bu Dewi

___

4. ora ana sega

___

5. teka sedhela

___

2. Sandhangan Panyigeg Wanda

Sigeg tegese mati tumrape aksara (huruf). Sandhangan panyigeg wanda yaiku sandhangan sing digunakake ngganteni aksara sigeg (huruf mati). Aksara sigeg (huruf mati) sing diganteni nganggo sandhangan yaiku ***: h, r**, **ng,*** lan ***pangkon.***

Wujude Sandhangan Panyigeg Wanda

No	Jenenge	Wujude	sigeg/ paten
1	Wignyan	... ꦃ	H
2	Layar	......	R
3	Cecak	......	Ng
4	Pangku	...꧀	Saliyane sigeg h, r lan ng Manawa dadi sigeg (huruf mati) ing pungkasan, aksarane dipangku.

Tuladha :

Manggang sate = ꦩꦁꦒꦁ ꦱꦠꦺ

Sopir bis = ꦱꦺꦴꦥꦶꦂ ꦧꦶꦱ꧀

Rini sekolah = ꦫꦶꦤꦶ ꦱꦼꦏꦺꦴꦭꦃ

Gladhen 2 : Nulis Sandhangan Panjigeg Wanda

Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Mawar abang

____

2. Budi pekerti luhur

3. Mangan sega pecel

4. Ibu adang ketan

5. Dolanan gobag sodor

3. Sandhangan Wyanjana

Sandhangan wyanjana iku ana telu. Wujud, jeneng, lan gunane ing sajroning tembung kaya pratelan ngisor iki.

No.	Wujude	Jenenge	Gunane
1.	......,	cakra	Sesulihe panjingan ꦫ
2.	......,	keret	Sesulihe cakra lan pepet
3.	......ꦾ	pengkal	Sesulihe panjingan ꦪ

Gladhen 3 : Nulis Sandhangan Wyanjana

Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Rini sregep sinau

2. Bima mangan krupuk

3. Prasetya dadi

4. krasa

5. sembahyang

Kanggo nggampangake anggonmu nyinau aksara Jawa, coba wacanen ukara-ukara aksara Jawa ngisor iki! Sadurunge bisa maca kudu kokganti menyang aksara Latin luwih dhisik.

1.

2.

3.

4.

5.

Pasinaon 2
Makarya bebarengan

Ing pasinaon iki bocah-bocah kudu mbentuk klompok luwih dhisik. Saben klompok ana bocah 3 – 4, banjur dhiskusia bebarengan nggarap gladhen ngisor iki.

Gladhen 1 : Nulis nganggo Aksara Jawa

Ukara-ukara ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa kang bener kanthi dhiskusi klompok!

1. Aku wingi nyetir mobil.

   ____

2. Wong iku pengusaha kayu.

   ____

3. Hendri saiki dadi desainer.

   ____

4. Hadi Sumartono gawe pesawat.

   ____

5. Ibune kuwi perawat ing rumah sakit.

   ____

Gladhen 2 : Nulis nganggo Aksara Latin

Ukara-ukara aksara Jawa ngisor iki gantinen imenyang aksara Latin kang bener kanthi dhiskusi klompok

Pasinaon 3:
Makarya Mandhiri

Ing pasinaon iki bocah-bocah sinau nulis nganggo aksara Jawa kanthi mandhiri/dhewe. Apalna carane nulis aksara Jawa ing dhuwur banjur gladhen ngisor iki garapen kanthi patitis!

Gladhen 1 : Nulis nganggo Aksara Jawa

Ukara-ukara ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa kanthi bener!

1. Ani seneng dadi guru.

____

2. Prasetya dadi insinyur.

____

3. Mawarti dadi perawat.

____

4. Aku milih dadi pramugari.

____

5. Adhiku pengin dadi pilot.

____

Gladhen 2 : Nulis nganggo Aksara Latin

Ukara-ukara aksara Jawa ngisor iki owahana ing aksara Latin kanthi bener!

1. [illegible]

____

2. [illegible]

____

3. [illegible]

____

4. [illegible]

____

5. [illegible]

____

GLADHEN WULANGAN 6

A. Wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Aksara Jawa iku cacahe ana ....
   a. 14
   b. 16
   c. 18
   d. 20

2. Sandhangan ing aksara Jawa diklompokake dadi ....
   a. 3
   b. 4
   c. 5
   d. 6

3. "Wulu" yaiku sandhangan kanggo swara ....
   a. swara " **i** "
   b. swara " **u** "
   c. swara " **e** "
   d. swara " **o** "

4. Tembung "metu" iku yen ditulis nganggo aksara Jawa migunakake sandhangan swara ....
   a. pepet lan wulu
   b. pepet lan suku
   c. taling lan wulu
   d. taling lan suku

5. "Layar" yaiku sandhangan sigeg gantine aksara sigeg....
   a. swara "**h**"
   b. swara "**ng**"
   c. swara "**r**"
   d. swara "**y**"

6. "Wedang kopi" yen ditulis nganggo aksara Jawa ....

a. [illegible]

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

7. "[illegible]" yen ditulis nganggo aksara latin ....

a. Ojo mrono.
b. Ojo mrana.
c. Aja mrono.
d. Aja mrana.

8. Yen ditulis aksara Jawa "permen isis" yaiku ....

a. [illegible]

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

9. [illegible] yen ditulis nganggo aksara Jawa ....

a. miber ngalor.
b. beber layar.
c. laler loro.
d. minger minger.

10. ꧋ꦥꦶꦫꦶꦁꦥꦼꦕꦃ꧉ Yen ditulis nganggo aksara Jawa ....

a. piring pecah.
b. beling pecah.
c. kacang garing
d. saking omah.

Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi patitis!

1. Tulisna wujude sandhangan swara nganggo aksara Jawa!
2. Tulisna wujude sandhangan panyigeg nganggo aksara Jawa!
3. Ukara iki tulisen nganggo aksara Jawa kanthi bener!
   - Aku ora mangan.
4. Ukara iki tulisen nganggo aksara Jawa kanthi bener!
   - Uler megal megol.
5. Ukara aksara Jawa ngisor iki gantinen aksara Latin!

꧋ꦏꦠꦴꦏꦮꦴꦁꦠꦶꦁꦤꦶꦁꦥꦠꦼꦂ꧉

WULANGAN 7
PANGANAN LAN GIZI

KOMPETENSI DASAR

3.7 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi kata berimbuhan dalam teks sesuai kaidah.

INDIKATOR

3.7.1 Mengidentifikasi berbagai bentuk imbuhan dalam teks.
3.7.2 Mengidentifikasi awalan *(ater-ater)*
3.7.3 Mengidentifikasi sisipan (*sesselan*)
3.7.4 Mengidentifikasi akhiran(*panambang/ panotèng*)
3.7.5 Mengidentifikasi imbuhan gabung (konfiks)
3.7.6 Mengidentifikasi penggunaan imbuhan dalam kata dasar
3.7.7 Menjelaskan makna imbuhan dalam kata.

KOMPETENSI DASAR

4.7 Menulis kalimat menggunakan kata berimbuhan.

INDIKATOR

4.7.1 Mengubah kata dasar menjadi kata berimbuhan.
4.7.1 Menulis kalimat lengkap dengan menggunakan kata berimbuhan.

Sarampunge nyinau wulangan iki bocah-bocah kaajab bisa ngidhentifikasi panganggone wuwuhan ing sajrone tembung, nerangake tegese, ngrakit ukara mawa tembung rimbag. Kanthi makarya bebarengan bocah-bocah ngrimbag tembung sarta ngrakit ukara jangkep. Pakaryan iki bakal katindakake bebarengan kanthi teks temane “Panganan lan Gizi”. Kajaba iku uga bakal nindakake pakaryan mandhiri.

Mbabar Wawasan

PANGANAN LAN GIZI



Panganan sing ngandhut gizi bisa nyebabake badan kita sehat lan kuwat. Badan kang sehat lan kuwat bisa nukulake jiwa kang kuwat. Wong kang jiwane kuwat semangate uga kuwat. Bocah–bocah kudu duwe semangat kang kuwat, supaya bisa sinau kanthi seneng. Amarga yen duwe rasa seneng, sekolah ora bakal aras-arasen. Mesthine bocah-bocah wis ngerti kang kalebu panganan sehat.

Adhedhasar katrangan lan gambar dhuwur, kanggo nyinau wulangan iki garapen kaya prentahe!

1. Kepriye supaya badan kita tansah sehat lan kuwat?
2. Kaping pira bocah-bocah mangan saben dina?
3. Apa pangananmu kalebu panganan sehat?
4. Apa panganan kang enak-enak mesthi sehat lan ngandhut gizi?
5. Sebutna kang kalebu panganan sehat lan ngandhut gizi!

Pasinaon 1

Model Teks Pinilih: Panganan Sehat Ngandhut Gizi

Semaken teks wacan ing ngisor iki!

Panganan Sehat Ngandhut Gizi

Sabenere wong *mangan* ora kena mung angger enak lan wareg. Kajaba supaya wareg lan *ngrasakake* enak, wong mangan supaya oleh tenaga, *njaga kewarasan* lan oleh bahan kanggo *ngatur* badan. Mulane *panganan* kudu menuhi sarat sehat lan *gizi.* Panganan sehat yaiku panganan kang *nyebabake* badan dadi sehat, ora *keracunan*, ora njalari lelara. Panganan *gizi* yaiku panganan kang ngandhut zat sing *dibutuhake* badan.

Panganan sehat kang ngandhut *gizi lumrahe* banjur *diarani* papat sehat lima sampurna. Kang kalebu panganan papat sehat lima sampurna yaiku panganan kang ngandhut *karbohidrat, protein, vitamin, mineral*, lan susu. Tuladha panganan kang ngandhut *karbohidrat,* yaiku: beras, jagung, uwi, lan tela. Tuladha panganan kang ngandhut protein, yaiku: iwak, daging, endhog, tahu, lan tempe. Panganan kang ngandhut *mineral*, yaiku: kangkung, bayem, terong, kobis, lan sawi. Panganan kang ngandhut vitamin*, y*aiku: jeruk, gedhang,

apel, semangka, lan salak. *Sampurnane* patang jinis pangan mau yaiku *ditambah* susu.

Kawruh Sapala:

angger	: mung, waton
ngandhut	: isi
sampurna	: becik, jangkep
njalari	: nyebabake, ndadekake
gizi	: sarine panganan kang migunani
karbohidrat	: zat tepung
vitamin	: zat kang migunani kanggo .

Sadurunge ngrembug bab wuwuhan, garapen gladhen ing ngisor iki! Jangkepana ukara-ukara ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!

1) Wong mangan ora kena angger .... lan ....
2) Wong mangan kajaba supaya...., ... lan ....
3) Panganan kudu menuhi sarat .... lan ....
4) Panganan sehat yaiku panganan kang nyebabake badan sehat, ... lan ....
5) Panganan sehat kang ngandhut gizi lumrahe diarani....

Gladhen 1: Ngidhentifikasi Wuwuhan ing Teks

Tembung yaiku rerangkene swara kang metu saka tutuk kang ana tegese lan dingerteni surasane. Saben rerangken swara kang metu saka tutuk tur ngemu teges, iku diarani tembung. Dene yen ana swara kang metu saka tutuk ora ana tegese, iku ora kalebu tembung. Tembung ing basa Jawa bisa dibedakake dadi:

a. Tembung wod

Tembung wod yaiku tembung sakecap utawa sawanda (suku kata) sing wis duwe teges utawa surasa.

Tuladha: byak, tir, ring, cis, rong, bleng, cet, pil, bom, lan liya-liyane.

b. Tembung lingga

Tembung lingga (kata dasar) yaiku tembung kang isih wutuh kang durung oleh tambahan (imbuhan) apa-apa. Ana uga kang ngarani tembung lingga iku tembung sing isih wungkul, isih wantah, utawa isih asli, jalaran tembung iku durung kawuwuhan apa-apa utawa durung oleh ater-ater, seselan, apa dene panambang.

Tuladha: tangi, angkut, gelis, bali, katon, tuku, lan liya-liyane.

c. Tembung Andhahan

Tembung andhahan yaiku tembung sing wis owah saka asale, amarga wis oleh ater-ater, seselan utawa panambang.

Tuladha: nangekne, ngangkut, kegelisen, balekna, ngatonake, tinuku, lan liya-liyane.

Jinise wuwuhan kaya mangkene:

Ater-ater/ prefiks	Seselan/ infiks	Panambang/ sufiks	Campuran/ konfiks
Wuwuhan ing ngarepe tembung.	Wuwuhan ing tengahe wanda ngarep	Wuwuhan ing burine lingga	Wuwuhan ing ngarep lan buri lingga
m+pangan = mangan	g+(um)uyu = gumuyu	pangan+an = panganan	n+tulis+ake = nulisake

Waspadakna panulise tembung-tembung kang kacithak miring ing ukara ngisor iki!

(1) Sabenere wong *mangan* ora kena mung angger enak lan wareg.

(2) Kajaba supaya wareg lan *ngrasakake* enak, wong mangan supaya oleh tenaga, *njaga kewarasan* lan oleh bahan kanggo *ngatur* badan.

(3) Panganan sehat kang ngandhut gizi *lumrahe* banjur *diarani* papat sehat lima sampurna.

No.	Tembung	Tembung linggane	Pandhapuke/pangrimbage
1	Mangan	pangan	am + pangan
2	ngrasakake	rasa	ang + rasa + (k) ake
3	Njaga	jaga	an + jaga
4	kewarasan	waras	ka + waras + an
5	Ngatur	atur	ang + atur
6	Lumrahe	lumrah	lumrah + e
7	Diarani	aran	di + arani + i

Tembung-tembung kasebut yen dijingglengi kedadean saka :

tembung lingga + wuwuhan = tembung andhahan

Setitekna teks wacan ing dhuwur, golekana tembung kang oleh wuwuhan!

No.	oleh ater-ater	oleh seselan	oleh panambang	oleh wuwuhan campuran
1				
2				
3				
4				
5				

Gladhen 2: Ngidhentifikasi Ater-ater/ Prefiks

Ater-ater yaiku wuwuhan sing manggon ing ngarepe tembung. Ater-ater ing basa Jawa cacahe akeh, kaya ta: ater-ater anuswara (n-, m-, ng-, ny), ater-ater tripurusa (dak-, ko-/kok-, di-), ater-ater a-, sa-, ka-, ke-, pa-, pri-, pra-, kuma-, kapi-, kami-, lan tar-.

Panulise ater-ater kudu tansah gandheng karo tembung linggane.

Tuladha:

Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
Tulis	nulis	n + tulis
Pangan	mangan	m + pangan
Ombe	ngombe	ng + ombe
Sapu	nyapu	ny + sapu
Tulis	daktulis	dak + tulis
Pangan	kopangan	ko + pangan
Ombe	diombe	di + ombe
Tulis	katulis	ka + tulis
Omah	saomah	sa + omah
Guru	maguru	ma + guru
Adreng	kapiadreng	kapi + adreng
Lancing	kumalancang	kuma + lancang
Lambing	pralambang	pra + lambang
Bumi	pribumi	pri + bumi

Pangetrapane sajrone ukara, tuladhane:

(1) Wong tuwane Kunthi *saomah* karo simbahe.

(2) Rini *kapiadreng* kepengin ngendhangi simbahe.

(3) Kiriman bukune *daktampa* wingi sore.

Goleka pangrimbage tembung mawa ater-ater lima bae, sabanjure gawenen ukara sing becik!

No.	Tembung lingga	Tembung andhahan	Ukara
	Pangan	mangan	Bimo *mangan* sega pecel.
1.			
2			
3.			
4.			
5.			

Gladhen 3: Ngidhentifikasi Seselan/ Infiks

Seselan yaiku wuwuhan sing manggon ig tengahe tembung. Seselan cacahe ana papat, yaiku –um-, -in-, -er-, lan –el-
Tuladha:

Tembung lingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
Tulis	tinulis	tulis + -in-
Guyu	gumuyu	guyu + -um-
buka	binuka	buka + -in-
Sunar	sumunar	sunar + -um-
Kelip	kerelip	kelip + -er-
Kepyur	kelepyur	kepyur + -el-
Titi	teliti	titi + -el-

Pangetrapane sajrone ukara, tuladhane:
(1) Pesene *tinulis* ing buku.
(2) Rembulane *sumunar* madhangi jagad raya.
(3) Lintange paling *kerelip* ing angkasa.
(4) Pak Tanto *teliti* anggone ngoreksi garapane bocah-bocah.

Goleka pangrimbage tembung mawa seselan lima bae, sabanjure gawenen ukara sing becik!

No.	Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Ukara
	guyu	gumuyu	Bima *gumuyu* ndeleng polahe adhine.
1.	tuku		
2	bagus		
3.	gantung		
4.	gudug		
5.	gundhung		

Gladhen 4: Ngidhentifikasi Panambang/ Sufiks

Panambang yaiku wuwuhan sing manggon ana ing mburine tembung. Panulise kudu gandheng rapet karo tembung sing dipanambangi. Cacahe panambang akeh banget, kaya ta : -i, -a, -e, -ne, -an, -na, -ana, lan –ake.
Tuladha:

Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
tulis	tulisen	tulis + en
tulis	tulisana	tulis + ana
tulis	tulisna	tulis + na
bayar	bayaran	bayar + an

Goleka pangrimbage tembung mawa panambang lima bae, sabanjure gawenen ukara sing becik!

No.	Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Ukara
	kucir	kuciran	Kunthi rambute kuciran loro.
1.			
2			
3.			
4.			
5.			

Gladhen 5: Ngidhentifikasi Wuwuhan Gabung/ Konfiks

Wuwuhan ana kang dianggo bebarengan, awujud ater-ater lan panambang utawa seselan lan panambang. Wujude wuwuhan gabung utawa wuwuhan campuran, kaya ta: ka- +

-an, ke- + -an, pa- + -an, anuswara (m-, n-, ng-, ny-) + ake, anuswara (m-, n-, ng-, ny-) + -i, anuswara (m-, n-, ng-, ny-) + -a, lan sapanunggalane.

Tuladha:

Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
lungguh	kalungguhan	ka + lungguh + an
suket	pasuketan	pa + suket + an
tulis	nulisi	n + tulis + -i
rasa	ngrasakake	ng + rasa + ake
gambar	nggambara	ng + gambar + -a

Wacanen!

Saben dina Bima budhal sekolah karo Rini. *Sadurunge* budhal bocah loro ajeg *sarapan*. Sing *nyepakake* sarapan *ibune*. Bu Dewi pancen prigel masak. Dhasar *bapake* Bima wong sregep *nandur*. Akeh *sayuran* *ditandur* ing latar *omahe*.

Bu Dewi yen masak bisa langsung *methik* sayur ing latar. Sayur sing *ditandur* rena-rena, ana terong, kacang, bayem, kobis lan sapanunggalane. Kajaba *tanduran janganan* uga ana kates, nangka, lan pelem. Wohe katon gumandhul mateng-mateng. Sapa sing *nyawang omah* lan *latare* Pak Wibowo mesthi seneng.

Setitekna teks wacan ing dhuwur, golekana tembung-tembunge sing oleh wuwuhan, tulisen tembung lingga lan pangrimbage!

No.	Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
1.			
2			
3.			
4.			
5.			

Gladhen 6: Ngidhentifikasi Gunane Wuwuhan

Wuwuhan ater-ater, seselan, lan panambang kang karaketake karo tembung lingga bakal dadi tembung andhahan. Rimbage tembung andhahan nduweni guna ndhapuk jinise tembung. Jinise tembung kang kadhapuk, yaiku: (1) tembung kriya, (2) tembung pakon, (3) tembung aran, (4) tembung kahanan/sipat.

Tuladha:

No.	Tembung ingga	tembung andhahan	Gunane ndhapuk jinise tembung...
1	tulis	nulis	tembung kriya
2	tulis	nuliske	tembung kriya
4	tulis	ditulisi	tembung kriya
5	tulis	nulisa	tembung pakon
6	tulis	tulisana	tembung pakon
7	tulis	tulisan	tembung aran
8	dagang	dagangan	tembung aran
9	tangis	nangisan	tembung kahanan/ sipat
10	jupuk	njupukan	tembung kahanan/ sipat
			lan sapanunggalane

Wacanen teks ngisor iki!

Dina iki Bima tangi luwih esuk ora kaya *biasane*. Bima bungah amarga dina iki pas ulang taun kang *kasepuluh*. *Sawise* nata *paturon* banjur wudlu lan sholat subuh. Rampung kuwi *nyapu, nata buku*, *klamben, sepaton*, sarapan, banjur *pamitan* budhal sekolah. Ing sekolah Bima dipapag kanca-*kancane*. Agus kanca *rakete nyalami* dhisik dhewe. Bima rumangsa seneng *atine*.

Tabel ing ngisor iki jangkepana kaya tuladha!

No.	Tembung andhahan	Tembung linggane	Ndhapuk jinise tembung...
	biasane	biasa	sipat
1.			
2			
3.			
4.			
5.			
6.			
7.			
8.			
9.			
10.			

Gladhen 7: Tembung Andhahan lan Tegese

Dideleng saka wujude ana tembung wod, lingga, lan andhahan. Dideleng saka jinise ana tembung kriya, aran, pakon, lan kahanan. Kepriye tegese tembung kang oleh wuwuhan?

Setitekna tabel ing ngisor iki, banjur jangkepana kaya tuladha!

No.	Lingga	Jinise	Andhahan	Tegese
	pacul	aran	macul	nindakake pakaryan
1				
2				
3.				
4.				
5.				
6.				
7.				
8.				
9.				
10.				

Pasinaon 2

Makarya Bebarengan

Ing pasinaon iki bocah-bocah diajab bisa nggawe teks bebarengan. Bocah-bocah kudu mbentuk klompok kanthi anggota 4 – 5 bocah. Saben klompok wenehana jeneng miturut jenenge woh-wohan. Ana klompok gedhang, jeruk, jambu, melon, anggur, lan sapanunggalane (lsp.)

Wacanen teks ing ngisor iki kanthi patitis!

Kapan Perlu Suplemen Vitamin?

Panganan sing nyukupi sarat "empat sehat lima sempurna" wis cukup tumrape awak kanggo kabutuhan *aktivitas* saben dina. Nanging kadhangkala vitamin lan mineral sing mlebu weteng ora bisa disesep dening usus kanthi sampurna utawa vitamin mau ilang nalika dimasak. Pola mangan wong jaman saiki beda banget karo wong jaman biyen. Saiki sing ditengenake rasane, enake, dudu mutune. Mula butuh suplemen kanggo nambahi panganan sing kurang mutu gizine mau. Dadi mung golek cara gampange wae. Kamangka suplemen mau regane ora murah, luwih murah panganan asline.

Sejatine wong kang kekurangan vitamin lan mineral, ora pati ngganggu kesehatane. Kekurangan yen terus-terusan jroning wektu kang suwe bisa nuwuhake maneka warna gejala penyakit. Banjur sapa sing kena ngombe supleman, yaiku:

(1) Wong sing sibuk banget nganti ora kober mangan panganan sing sehat lan seimbang.
(2) Wong sing lagi nglakoni diet rendah kalori.
(3) Lansia sing pencernaane wis ora bisa nyerna panganan kanthi sampurna.

(4) Vegetarian, wong sing ora mangan daging kewan lan prodhuk asal saka kewan.
(5) Wanita sing lagi ngandhut.
(6) Wong kang bubar ngalami operasi abot.
(7) Wong sing ora doyan (ora mangan) susu lan prodhuk olahan saka susu.

Ngombe suplemen prayogane sawise dhahar. Yen weteng kothong bisa nyebabake iritasi lan weteng perih. Ngunjuk suplemen vitamin A perlu dibarengi dhahar panganan sing ngandhut lemak amrih luwih cepet lan gampang panyesepe. Suplemen zinc lan zat besi diunjuk sak jam utawa rong jam sadurunge dhahar. Luwih becik yen diunjuk karo unjukan sing akeh ngandhut vitamin C (kayata: jus jeruk). Vitamin C bakal luwih becik panyesepe yen dibarengi vitamin E.

(*Karingkes saka rubrik Kesehatan majalah Jaya Baya, No.08, Oktober 2004, kaca: 11)*

Kawruh Sapala

suplemen	= pangan tambahan
pola mangan	= carane mangan
kober	= bisa
lansia	= lanjut usia, tuwa (tumrap umure wong)
ngandhut	= mbobot
ora pati	= ora sepiroa
iritasi	= tatu

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

(1) Apa sing diarani suplemen?
(2) Kapan wong mbutuhake suplemen?
(3) Kepriye pola mangane wong jaman saiki?
(4) Kapan suplemen zinc lan zat besi diunjuk?
(5) Nyapa ngunjuk suplemen vitamin A kudu dibarengi panganan kang ngandhut lemak?
(6) Vitamin C becike dibarengi karo pangan sing ngandhut apa?
(7) Sapa wae kang kudu ngonsumsi suplemen?

Gladhen 1: Nerangake Jinise Tembung Lingga lan Andhahan

A. Kanthi klompok goleka tembug lingga lan tembung andhahan ing teks " Kapan Perlu Suplemen Vitamin?" paling sethithik 10 tembung. Sabanjure tembung mau gawenen ukara sing becik!

No.	Jinis Tembung	Tuladha	Ukara
1.	Tembung Lingga	vitamin	Rini saben dina mesthi ngombe *vitamin*.
2.	Tembung Andhahan	nambahi	Bima *nambahi* sangu adhine.

B. Tembung sing digaris ngisor golongna manut wujude tembung kanthi ngisi kolom-kolom ngisore!

1) Rini lagi nulis surat ijin.
2) Dimas wis tangi wiwit mau.
3) Aku isih adus ing tlaga.
4) Dokter Budi ora duwe putra.
5) Omah iku gedhe banget.
6) Siti oleh sangu dhuwit akeh.
7) Adhiku diadusi ibu nganggo banyu anget.
8) Kunthi tuku tomat sakilo ing pasar Minggu.
9) Bu Dewi mau ngombe jamu godhogan.

10) Pitikku takpakani jagung karo dhedhek.

No.	Tembung Lingga	Tembung Andhahan
1.		
2.		
3.		
4.		
5.		

C. Tembung-tembung sing digaris ngisore ing ukara iki udhalen wuwuhane kanthi ngisi ing kolom ngisore!
1. Ali lagi makani pitik.
2. Bapak ngunjuk kopi susu.
3. Adhik diturokake ibu ing kamar.
4. Aku mau mangan sega pecel.
5. Raportku dijupuk kangmasku.
6. Pak Ridwan lagi ngapur pagere.
7. Roti sagune wis dakpangan lima.
8. Tugasmu apa wis kokrampungake?
9. Sing sregep sinau supaya ora didukani ibu.
10. Surabaya oleh Adhipura amarga dijaga karesikane.

Tuladha:
Arman ngombe susu nganti saliter sedina.

No.	Tembung Andhahan	Tembung Linggane	Wuwuhan		
			Ater-ater	Seselan	Panambang
*	ngombe	ombe	ng	-	-
1.	makani				
2.	ngunjuk				
3.	diturokake				
4.	mangan				
5.	dijupuk				
6.	ngapur				
7.	dakpangan				

8.	kokrampung-ake				
9.	didukani				
10.	karesikane				

Gladhen 2: Nyampurnakake Ukara Kanthi Bebarengan

Ukara-ukara ing ngisor iki rampungna kanthi njangkepi tembung kang wis cumepak!

1. Bima karo .... dolanan ing lapangan.
2. Bocah loro .... karo ngumbulake ....
3. Bu Dewi ....Rini lan Bima.
4. Bapake Rini lan Bima .... Pak Wibawa.
5. Pekarangane Pak Wibawa .... bayem, lombok lan terong.
6. Ibu .... bayem arep dimasak bobor.
7. Bima .... sayur-sayuran mula awake sehat.
8. Agus digoleki .... amarga ora pamit.
9. Badrun njupuk .... arep dinggo ngethok gedhang.
10. Bu Guru .... Agus arep diutus nulis.

A	bocahe	F	tandurane	K	Ibune
B	methik	G	dolan	L	seneng
C	ditanduri	H	putrane	M	nimbali
D	kancane	I	asmane	N	ngundhuh
E	layangan	J	arit	O	playon

Pasinaon 3

Makarya Mandhiri Nulis Ukara

Ing pasinaon iki para siswa diajab bisa nggawe ukara kanthi mandhiri, nanging isih kudu dibimbing dening guru.

Gladhen 1: Nyampurnakake Tembung Lingga Supaya dadi Tembung Andhahan

Tembung-tembung lingga sing digaris ngisore wenehana wuwuhan kang mathuk!

(1) Adhiku wingi garap PR basa Jawa.
(2) Basuki arep tulis surat nganggo aksara Jawa.
(3) Kunthi ingu pitik kate akehe sepuluh.
(4) Lintange pating kelip.
(5) Udane wis kepyur.
(6) Putrane wis laku adoh saka ndesa.
(7) Katon srengenge wis sunar ing brang wetan.
(8) Klambi Rini isih anyar.
(9) Wedhus durung weneh pakan.
(10) Ayu lagi nuru adhine ing kamar.

Gladhen 2 : Nulis Ukara nganggo Tembung mawa Wuwuhan

Sawise nyinaoni tembung lingga lan tembung andhahan sajrone ukara. Tugase bocah-bocah kanthi mandhiri nggawe karangan prasaja kanthi tema ”pentinge panganan tumrap kesehatan”. Dawane karanganmu paling sethithik 100 tembung.

GLADHEN
WULANGAN 7

A. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Adhiku yen mangan sedina ping telu. Tembung 'mangan' iku asale saka tembung lingga....
   a. mangan
   b. pangan
   c. pakan
   d. mangani

2. Blimbingku sing kowenehi mau durung .... Tutugane ukara ing ndhuwur sing mathuk yaiku....
   a. dakpangan
   b. kopangan
   c. dipangan
   d. mangan

3. Vitamin C sing emot ing blimbing iku gedhe banget. Tembung 'emot' mathuke oleh wuwuhan wujud....
   a. ater-ater ka-
   b. ater-ater ko-
   c. seselan
   d. panambang

4. Berase ginawakake menyang daleme mbah putri. Tembung 'ginawakake' ing ukara iku asale saka tembung lingga....
   a. gawa
   b. gawakake
   c. nggawa
   d. ginawa

5. Donga muga-muga kowe tansah sehat wal-afiat. Tembung 'donga' yen oleh wuwuhan, mathuke muni....
   a. ndonga
   b. dakdongakake

c. kodongakake
d. dinonga

6. Adhiku dolanan masak-masakan karo kancane. Tembung 'dolanan' asalae saka tembung lingga....
   a. dolanan
   b. dolan
   c. dodolan
   d. dodol

7. Bapak lagi cukur rambute adhik bayi. Tembung lingga 'cukur' iku mathuke oleh wuwuhan wujud...
   a. ater-ater m-
   b. ater-ater n
   c. ater-ater ng-
   d. ater-ater ny-

8. Martabakku dakgambari pokemon nganggo coklat messes. Tembung 'dakgambari' ing ukara dhuwur iku asale saka tembung lingga....
   a. dakgambar
   b. gambar
   c. gambari
   d. dakgambari

9. Bapak unjuk wedang jahe abrit. Tembung sing digaris ngisore iku mathuke muni...
   a. ngunjuk
   b. diunjuk
   c. kaunjuk
   d. unjukan

10. Ibu nyawisake dhaharan kanggo bapak. Tembung 'nyawisake' yen diudal manut tembung linggane....
   a. ater-ater ny- + nyawis + panambang –ake.
   b. ater-ater ny- + cawis + panambang –ake.

c. ater-ater n- + nyawis + panambang –ake.
d. ater-ater n- + cawis + panambang –ake.

B. Ukara-ukara ngisor iki isenana nganggo tembung sing wis sumadya ing ngisore!
1. Ibu ... sega nganggo kukusan.
2. Rini .... banyu kanggo wedang.
3. Siti .... gedhang.
4. Woh-wohan iku .... sing akeh gizine.
5. Sukun mentah kuwi ora enak yen .... ngono wae.
6. Ana kancil lagi .... timun.
7. Kucinge .... iwak daging karo sega putih.
8. Jagung uga bisa dadi .... manuk dara.
9. Dimas iku kelemon amarga akeh ....
10. Pitike .... dhedhek wae!

a. panganan	f. mangan
b. dipakani	g. nggoreng
c. pakanane	h. memangan
d. nggodhog	i. nggodhok
e. pakanana	j. dipangan

Daftar Pustaka

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekspres

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Tim. 1948. *Karti Basa*. Jakarta: Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S, 1982. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

_______ 1953. *Ngerengan Kasusastra DJawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra DJawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. Burat Sari. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minggon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta: Elmatera Publishing.

_______ 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

_______ 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sudaryanto (ed). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto & Pranowo (ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa.* Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapat*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

Warsito, S. Mardi. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.

https://www.bing.com/images/search?q=kebun+bunga+batu&FORM=HDRSC2

https://www.bing.com/images/search?q=pantai+klayar+pacitan+jawa+timur&view=detailv2&&id=1A1A5764C0AEE4BA824CA9A5ACFEE414D5328FEE&selectedIndex=13&ccid=SS0RDyYh&simid=607990731103734974&thid=OIP.M492d110f262175a1a6080212afe070efo0&ajaxhist=0

https://www.bing.com/images/search?q=bukit+jamur+gresik&view=detailv2&&id=71D1EF458FAF8A321E49831C3894950C0CC0FFB3&selectedIndex=24&ccid=IT9J361h&simid=608006738455431889&thid=OIP.M213f49dfad61e9ace16c43d7ce63d282o0&ajaxhist=0

CATATAN



CATATAN

CATATAN



CATATAN

CATATAN



CATATAN

CATATAN

